Ди лъэпкъэгъуэхэм защIыдогъакъуэ 3

Шэрджэсейр къуэзэрацIыхуар 3

Сэ зыми хэмылъыжу си Iэзэгъуэ, си гъащIэри уэрэдри сухащ 4-5

Илъэсищ ирикъуамэ - гуващ 6

Тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, псалъэзэблэдз 7

Киноактрисэ телъыджэ Шорэ Туркан 8

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№142-143 (23.051) • 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 25, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэнитIщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Зыпэрыт Iэнатlэм ехъулIэныгъэхэр зэрыщаIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхьилъыр етын

Науэжьокъуэ Татьянэ Билал и пхъэм - Урысей Федерацэм Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу *(информацэ-статистикэ Iуэхуэхэмкlэ)* нэхъыжьым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэр фIэщын

БжэныкIэ Вячеслав Хьэжмурид и къуэм - Урысей Федерацэм Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэм криминалистикэмкlэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№102-УГ

ГуэлщхъуантIэхэр зэпызыщIэ гъуэгур ирагъэфIакIуэ

Ди щIыналъэм туризмэм зэпымыууэ зэрызыщиужьыр къалъытэри, къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къалъытащ Шэрэдж районым щыIэ Гуэл щхъуантIэхэр - Ищхъэрэ гуэлымрэ Ипщэ гуэлымрэ - зэпызыщIэ гъуэгур зыхуэи хуэгъэзэныр. Километри 3-м тIэкIу щIигъу а гъуэгур щIадзауэ зэрагъэпэщыж «Зэрэгъыж» автотурист кластер зэтегъуэвэныр» инвестицэ проектым хиубыдэу.

ГЪУЭГУР еплIанэ категорием хиубыдэ фIагъым нагъэсыну я мурадщ. Абы папщIэ ар, автомашинэхэр хуиту щызэблэкIын хуэдэу, метри 6-м нэсу нэхъ бгъуэ ящI, асфальтыр тIэунейрэ тралъхьэнущ. Нэхъ щIыпIэ задэхэм деж бгыр гуэмыун папщIэ бетоным къыхэщIыкIа блынкIэ къыдращIей. Гъуэгум зэдэкIуэу уэздыгъэхэр щыфIадзэнущ, зыхуэфащэ дамыгъэхэр щагъэувынущ, асфальтым щытрадзэнущ.

Туристхэр лъэсу щызекIуэну Iыхьэри зыхуей псомкIи къызэрагъэпэщынущ, мывэ гъэжакIэ къращIыкIынущ.

А лэжьыгъэ псори республикэм Гъуэгу хозяйствэмкlэ и управленэм дызэрыт илъэсым кърилъытэу зэфIигъэкIыну и мурадщ.

КъБР-м Гъуэгу хозяйствэмкlэ и управленэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэр республикэм и тхакIуэ гупым яIуощIэ

КIуэкIуэ Ю. А. КъБР-м и Правительствэм и Унэм щахуэзащ республикэм и тхакIуэ гупым.

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ литературэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным, тхакIуэ, усакIуэ нэхъыжьхэм ирагъэжьауэ щыта хабзэхэм тету творческэ зэгуэхьэныгъэм и лэжьыгъэр япэкlэ гъэкIуэтэным пыщIа Iуэхуэхэм.

КъБР-м и Тхакlуэхэм я союзым къыбгъэдэхуэ къаланэхэмрэ ар зыхэт гугъуехьхэмрэ нэхъ зэпкърыхауэ дызэрыт илъэсым и жэпуэгъуэ мазэм тепсэлъыхьыну зэгурыIуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 25, *щэбэт*

♦**УФ-м следствиемкIэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**Сатум и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦1472 гъэм шэрджэс кхъухь 24-рэ тенджыз фIыцIэм зэпрыкIри, Тыркум теуауэ щытащ.

♦1943 гъэм Прохладнэ - Налшык гъущI гъуэгур зэфIэгъэувэжыныр зэфIэкIащ.

♦1984 гъэм Савицкая Светланэ цIыхубз космонавтхэм ящыщу япэу кхъухьым къикIри, хьэршым хыхьащ.

♦Жорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, юстицэмкIэ министру, депутату, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Хьикмэт (МафIэдз) Умар** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цIыхубз тхакIуэ **Ахъмэт Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, Адыгейм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хъут Шэмсэдин** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Публицист, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Аттаев Жэмал** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦АР-м и къэрал лэжьакIуэ, журналист, политикэ щIэныгъэхэм я доктор **КIэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Географие щIэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Болэ Владислав** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦АР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

♦Бокосёр, Олимп джэгуакIэм жэз медаль къыщызыхьа **Хъарачэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 26, *тхьэмахуэ*

♦**Дзэ-Тенджыз флотым и махуэщ**

♦**Дагъыстэн Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

♦1957 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу гъуэгуанэшхуэ зэпызычыф баллистическэ ракетэр иутIыпщащ.

♦ТхакIуэ, тхыдэдж-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Опрышкэ Олег** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ актёр, сценарист, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Онер Четин (Гъэгулl)** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бицу Анатолий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIу щыта **Къардэн Алик** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Iэщын Руслан** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 25-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 27, *блыщхьэ*

♦1841 гъэм Пятигорск пэмыжьжьэу Мэшыкъуэ бгы лъапэм и деж щаукIащ урыс тхакIуэшхуэ Лермонтов Михаил.

♦1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер къызэIуахащ.

♦1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ президент кIулыкIур.

♦Адыгей усакIуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Iэбубэчыр Нажмудин** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и цIыхубз тхакIуэ, публицист **Чуякъуэ Инус** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦ЖылагъуэI лэжьакIуэ, Тэрч щIыналъэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Емкъуж Хьэсэнбий** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIэнэтI Лидие** къыщалъхуа махуэщ.

♦Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ **Тау Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 26-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Зыпэрыт Iэнатlэм ехъулIэныгъэхэр зэрыщаIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхьилъыр етын

Науэжьокъуэ Татьянэ Билал и пхъэм - Урысей Федерацэм Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу *(информацэ-статистикэ Iуэхуэхэмкlэ)* нэхъыжьым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэр фIэщын

БжэныкIэ Вячеслав Хьэжмурид и къуэм - Урысей Федерацэм Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэм криминалистикэмкlэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№102-УГ

Гуэл щхъуантIэхэр зэпызыщIэ гъуэгур ирагъэфIакIуэ

Ди щIыналъэм туризмэм зэпымыууэ зэрызыщиужьыр къалъытэри, къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къалъытащ Шэрэдж районым щыIэ Гуэл щхъуантIэхэр - Ищхъэрэ гуэлымрэ Ипщэ гуэлымрэ - зэпызыщIэ гъуэгур зыхуей хуэгъэзэныр. Километри 3-м тIэкIу щIигъу а гъуэгур щIадзауэ зэрагъэпэщыж «Зэрэгъыж» автотурист кластер зэтегъуэвэныр» инвестицэ проектым хиубыдэу.

ГЪУЭГУР еплIанэ категорием хиубыдэ фIагъым нагъэсыну я мурадщ. Абы папщIэ ар, автомашинэхэр хуиту щызэблэкIын хуэдэу, метри 6-м нэсу нэхъ бгъуэ ящI, асфальтыр тIэунейрэ тралъхьэнущ. Нэхъ щIыпIэ задэхэм деж бгыр гуэмыун папщIэ бетоным къыхэщIыкIа блынкIэ къыдращIей. Гъуэгум зэдэкIуэу уэздыгъэхэр щыфIадзэнущ, зыхуэфащэ дамыгъэхэр щагъэувынущ, асфальтым щытрадзэнущ.

Туристхэр лъэсу щызекIуэну Iыхьэри зыхуей псомкIи къызэрагъэпэщынущ, мывэ гъэжакIэ къращIыкIынущ.

А лэжьыгъэ псори республикэм Гъуэгу хозяйствэмкlэ и управленэм дызэрыт илъэсым кърилъытэу зэфIигъэкIыну и мурадщ.

КъБР-м и Гъуэгу хозяйствэмкlэ и управленэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

• «Зэныбжьэгъугъэ-2015»

Зэкъуэшхэм хуэдэу

«Ридадэ» ресторанымрэ щыпащащ илъэс зыбжанэ хъуауэ екIуэкI «Зэныбжьэгъугъэ» Iуэху гуапэм. Абы хэтыну щIалэ 60-м ящыгъуащ я Iыхьлыхэри.

ФИГУ къэдгъэкIыжьащи, зэхьыхьэ къызэрагъэпэщ «Хэкупсэ» жылагъуэ зэгуэхьэныгъэм, «Лъэпкъ псапащIэ фонд» урысейпсо жылагъуэ фондым, КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъу.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ телевиденэм и лэжьакIуэ, уэрэджкIалкIуэ Аттаев Азнор. Абы жиIащ «Зэныбжьэгъугъэр» хабзэр Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къаззырдекIуэкIыр, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщ цIыхухъуэхэр ныбжьэгъу зэрыгъэхъуу, зэкIэлъыкIуэу зэрыщытар. Азнор къыхигъэщащ илъэс еханэ хуауэ екIуэкI мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэрилэр, цIыхубэми хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэми ар щхьэпэу къызэралъытэр.

Iуэхур зыунэтI Къубей Мадинэ къыхигъэщащ «Зэныбжьэгъугъэр» лагерым щIалэхэр бадзэуэгъуэм и 20-м щыщIэдзауэ зэрыщыIар.

- Проектым къыхэтщащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм, Адыгэ, Осетие Ипщэ республикхэм щыщ щIалэхэр. Илъэс 14-16 зи ныбжьу мы Iуэхум хэт щIалэхэм ягъэщIыкIэ лагерым зыщедгъэгъэпсэхуащ икIи Урысейм и лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэр зыхуэдэм, абыхэм я мыхьэнэм хэдгъэгъуэзащ, цIыху хэтыкIэм теуха дерсхэм щIэдгъэдэIуащ, щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм зыщедгъэплъыхьащ. Иджы унагъуэхэм тхьэмахуэкIэ хьэщIапIэ догъакIуэ, - жиIащ Къубейм.

Зэраубзыхуам тету, «Зэныбжьэгъугъэ-2015» Iуэхум унагъуэ 60 хэтщ. ХьэщIапIэ кIуэну щIалэхэмрэ ахэр езыгъэблагъэхэмрэ чэзууэ утыкум кърашэурэ зэрагъэщIыхуащ. Ахэр дзэзыхьэх Iуэхугъуэхэм, къыхахыну Iэщ Iагъэм, нэгъуэщIхэм ятеуха упщIэ зыбжанэ щратым, гурыIуэгъуэ хъуащ щIалэхэр щIэныгъэ зрагъэгъуэтыным зэрыхущIэкъур, Iущагъ зыхэлъ псалъэжьхэр зэрафIэфIыр, спортым зэрыдихьэхыр, абы къыхэжаныкIа-хэм зэрыдэплъейр. ЩIалэхэм бысым къахуэхъунухэм абыхэм щIыпIэ дахэхэм, школхэм, музейхэм, спорт Iуэхущ IапIэхэм зыщагъэплъыхьынущ, гъунэгъу лъэпкъхэм я щэнхабзэ, хабзэ, дин Iуэхуэхэм хагъэгъуэзэнущ.

Зэкъуэшхэм къыщыпсэльащ КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министрым и къуэдзэ Кирин Александррэ УФ-м и Коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и апэ секретарь Пащты Борисрэ. Абыхэм жаIам къыхагъэщащ мы Iуэхур илъэс еханэ хъуауэ зэрекIуэкIыр, абы къыриубыдэу КИФЩI-м хьыхь республикэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэмрэ щыщ унагъуэ зыбжанэ ныбжьэгъугъэ гуапэм зэрызэрипхар, щIалэхэр зэкъуэшхэм хуэдэу зэрызэкъуэувар.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

• ХъумапIэ банк

КартэхэмкIэ къыIах

«Урысейм и ХъумапIэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм мы гъэм и апэ мазихым псори зэхэту цIыху 1500-м нэблагъэ щылажьэ предприятэ зэмылIэужьыгъуэхэм улахуэ тыкIэм теухуа зэгурыIуэныгъэу 20 ярищIыIащ.

ЦIыху мин 90-м е республикэм щыщу IэнатIэ Iутхэм я процент 68-м щIигъум ХъумапIэ банкым и картэхэмкIэ улахуэр къыIах.

- Абыхэм ефIэкIыныгъэ зыбжанэ яIэщ. Къапщтэмэ, езгъырабгъуу щIыхэр хухах, щIыпIэ жыжьэхэр зэщIэзыгъэхьэ банкымрэ интернет банкымрэ я Iэхуэтхьэбзэхэр къагъэсэбэп, апхуэдэу щыхудачых акцэ зэмылIэужьыгъуэхэм, щызэрыпъытэ программэмэхэм хэтщ. КъищынэмыщIауэ, предприятэ къэс ХъумапIэ банкым и Iэщ Iагъэлl егъэбыдылIащи, абы щхьэхуэу дэлажьэ хъунущ. Банкым и Iэхуэтхьэбзэхэм ятеухуауэ щIэупщIэхэм дапщащи жэуап тэмэм ягъуэтынущ. Ягъэ мазихым цIыху минитхум щIигъум а Iэмалыр къагъэсэбэпащ, - къиГъэлъэгъуащ щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Бейтыгуэн Залинэ.

«Урысейм и ХъумапIэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

■ Хъыбарыщ Iэхэр ■ Шыхулъагъуэ
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Фэеплъ ■ Малъхъэдис

Бадзэуэгъуэм и 26, *тхьэмахуэ*

♦**Дзэ-Тенджыз флотым и махуэщ**

♦**Дагъыстэн Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

♦1957 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу гъуэгуанэшхуэ зэпызычыф баллистическэ ракетэр иутIыпщащ.

♦ТхакIуэ, тхыдэдж-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Опрышкэ Олег** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ актёр, сценарист, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Онер Четин (Гъэгулl)** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бицу Анатолий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIу щыта **Къардэн Алик** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Iэщын Руслан** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 25-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 27, *блыщхьэ*

♦1841 гъэм Пятигорск пэмыжьжьэу Мэшыкъуэ бгы лъапэм и деж щаукIащ урыс тхакIуэшхуэ Лермонтов Михаил.

♦1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер къызэIуахащ.

♦1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ президент кIулыкIур.

♦Адыгей усакIуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Iэбубэчыр Нажмудин** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и цIыхубз тхакIуэ, публицист **Чуякъуэ Инус** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦ЖылагъуэI лэжьакIуэ, Тэрч щIыналъэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Емкъуж Хьэсэнбий** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIэнэтI Лидие** къыщалъхуа махуэщ.

♦Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ **Тау Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 26-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ

ФызыфIыр унэщи, фыз IейрщIыунэщ.

Лъэ быдэкIэ щытщ

• Прохладнэ щIыналъэ

ЩIакхъуэхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр щагъажьэу Прохладнэ къалэм дэт заводыр ящыщщ зэманым декIуу лажьэ Iуэхущ IапIэхэм. Иджыпсту абы къыщIегъэкI щIакхъуэрэ булкэ зэмылIэужьыгъуэу 50. IэфIыкIэу зэлэжьри лIэужьыгъуэ 55-м нос.

«ПРОХЛАДНЭМ и щIакхъуэ завод» ОАО-м и унафэщI Дубко Наталье щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, псом хуэмыдэу щIэупщIэ яIэщ витамин зэмылIэужьыгъуэхэмрэ ди щIыналъэм щыпсэу цIыхухэм сыт щIигъуи къаймэщIкI йодымрэ хэльу ягъэхьэзыр «Рябинушка», «Диабетический» щIакхъуэхэм. УзышагъэмкIэ сэбэпышхуэ зиIэ мы щIакхъуэхэр гуэдэми хьэпцIими зэхуэдэу къыхащIыкI. КъищынэмыщIауэ, мыбы щагъэхьэзыр куэдым фIыуэ ялъагъу хьэлыгъуанэхэр, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуахэр зыхэлъ Iэфы кIэхэр. «Ди ерыскъыхэкIэхэр къабзэу зэрыдгъэхьэзырым и мызакъуэу, дэ сыт щIигъуи ди щэхуакIуэхэм я лъэIухэр зэрыдгъэзэщIэнми дыпылъщ», - жеIэ унафэщIым.

Предприятэр зы илъэси къанэркъым урысейпсо зэхьэзэхуэхэм екIуэлIэныгъэкIэ хэмыту. Къапщтэмэ, илъэс кIуам Мэзкуу щекIуэкIа «Бжьыхь дыщафэ-2014» мэкъумэш-промышленнэ гъэпсэгъуэныгъэм ОАО-м и Iэрыкlхэм жэз медалыр къыщыхуагъэфащащ икIи дяпэкIи хущIэкъунущ я Iуэхур нэхъри зэрырагъэфIэкIуэным.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● КъБР-м и Правительствэм

Унафэ пыухыкIахэр къащтэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуздзэ Дадэ МуIэед иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм щыхэпльа зэIущIэ. КъБР-м щIымрэ мылъкумрэ я Iуэхуэмкlэ и министр Бышэн Аэрэт къэпсэльащ Урысейм и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр щыIэжьэн Iуэхущапlэ етныным и Iуэхуфlэ. Метр зэбгъуэзэнатlи 120-рэ хъу Iуэхущапlэр Налшык и Балъкъэр уэрамым тетщ. Министрым зэрыжиIамкlэ, Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм ар ират илъэси 10 пlалъэкlэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и къэрал мылъкуу щыт Iуэхущlапlэ зыбжанэ муниципалитетхэм я мылъкум хэгъэхьэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къиргъэлъэгъуа проектри Бышэным къиргэлъэуащ.

- Апхуэдэщ Каменномост къуажэм щIэуэ дащIыхьа сабий садыр. Дзэлыкъэкъуажэ и муниципальнэ мылъкум хагъэхьэнущ Бахъсэн къалэ щыIэ «Агро» колледжым и нэIэ щIэта Iуэхущlапlэр. Ар хуэмыщlахэр псэупlэкlэ къызэгъэпэщыным хухахынущ.Ислъэмей къуажэм иратынущ сабий-хэр гъэздэжь зэмылIэужьыгъуэхэм щыхукурагъэджэну Iуэхущlапlэ, - жиIащ абы.

Зы щы Iыхьэ лIэужьыгъуэр нэгъуэщI лIэужьыгъуэм хуэгъэкIуэным теухуауэ Бышэнкр зэхэпсэльащ. КъБР-м и Правительствэм и унафэкlэ мэкъумэш Iэнатlэм къыщагъэсэбэпу щыта щы Iыхьэу хы, гектари 8,7-рэ хъуу, промышленностым, Бахъсэн районым и гъэзгуIуфэхэм ухуэныгъэ щрагъэкIуэкIнухэм хухахащ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ КъБР-м щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ граждан институтхэмрэ ядзлжьэныкIэ 2013 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа къэрал программэм. Ар яубзыхуащ Урысейм ис лъэпкъхэр зэкъуэт щыным теухуа къэрал программэм и мардэм тету. КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм ядалэжьныкIэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ и управленэм и унафэщI **Кlурашын Анзор** жиIащ къэрал мылъкум къыхэкIыу а Iуэхум сом мелуани 4-рэ мини 155-рэ мы гъэм зэрыхухахар. Республикэм и бюджетым щыщу абы халъхьащ сом мин 314-рэ.

КъБР-м и щIыналъэ автомобиль гъэзугухэм я щытыкIэм, бжыгъэм и гугъу ищIащ КъБР-м Гъэзугухэмкlэ и управленэм и унафэщI **Къуныжь Вячеслав**. Дзэлыкъуэ районым щыIэ гъэзугуитIым техникэ и лъэныкъуэкIэ нэмыщIыса гуэрхэр къыщыгъэлъэгъуати, ахэр ягъэзэкIуэжащ, мы гъэм уэм икъута лъэмыжитI бжыгъэм хэттэхъыми, ахэри къагъэлъэгъуэжащ. Автомобиль гъэзугухэм щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ, щыналъэм и гъэзгу фондым сом мелуан 30-м нэблагъэ къызэрэхэхъуам къыхэкIыу. Ар илъэс кIуам щыIэ щIыуэпсым и къэхъугъэ шынагъуэхэр (ЧС) гъэзэкIуэжьным хухаха, апхуэдэуи бюджет зэхуаку трансфертым къыхэкIа ахъшэщ. Мылькум щыщ зэгъэкIуэнущ щIыуэпсым и къэхъугъэ шынагъуэхэр гъэзэкIуэжьным и фонд гуэдзэным.

КъБР-м и щIыхуэхэр 2015 гъэм транспорткIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхуэкlэ «Федеральная пассажирская компания» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам зэгурыIуэныгъэ ещIылIэныгкIэ КъБР-м и Правительствэм и проектыр къиргъэнэIуащ КъБР-м Транспортымрэ связьмкIэ и къэрал комитетым и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащlэ **Салманов Арслан**. Нэгъабэ Москварэ Налшыкрэ я зэхуаку вагонибгъу дэтамэ, мы гъэм ар 5-м нэсыху ягъэмэщIащ. Iуэхум текIуэдэну мылъкури иджы нэхъ мащIэщ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «КъБР-м и щIыхуэхэр псэупlэкlэ къызэгъэпэщынымкlэ 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа» къэрал программэм. Псори зэхэту абы хухахынущ сом меларди 127-рэ: федеральнэ мылькум щыщу - сом меларди 4,8-рэ, республикэм ейуэ - сом меларди 4,9-рэ, щIыналъэ мылъкум - сом мелард 1,6-рэ, бюджетым щымыщ къигъэхъуапIэхэм - сом меларди 115,8-рэ. Республикэ бюджетым абы хухихыну мылькур сом мелуан 306,2-кIэ ягъэмэщIащ.

КъБР-м социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр гъэтэмэныным теухуауэ лажьэ комиссэм жэуап зыхь и секретару хахащ КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, щIыхуэхэр IэнатIэхэмкIэ къызэрэпэщыныкIэ социальнэ дэIепыкъуэныгъэмкIэ и министрым и къэдзэ Ацкъан Ратмир.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ Адыгэм я махуэм иращIыкIыну Iуэхугъуэхэр къызэзыгъэпэщыну гупым хэтынухэр.

Иджыри хэплъэжьын хуейуэ къалъытащ «Къэббалъкъвольфрам» акционер зэгухьэныгъэ зэIуха уху ухуэным и проектым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Бадзэуэгъуэм и 25-р Сатум и лэжьакIуэм и махуэщ

КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэр Сатум и профессиональнэ махуэмкIэ республикэм и сатуущIхэм къывохъуэхъу.

ЦIыхуэхэр арэзы щIыным, фIым хуэгъэушыным теухуауэ къуэ къалэныщхуэхэм ящIащ зыр фи гуащIэ хьэлэлкIэ гъэзэщIа мэхъу.

Псоми узынщагъэ, зэIуэзэпэщыныгъэ фиIэну, фи мурадхэм фалъэIэсыну, щэхуакIуэхэм яхуэгъэпса фи лэжьыгъэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщыфхьыну ди гуапэщ.

ГЪУКIЭЛI Хьэсэн,
КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщI.

Жылэ Темур и псалъэмрэ и Iуэхумрэ

Дызэрыщыгъуазэщи, сатум ди гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд, экономикэм зрегъэужь, щIыналъэхэр зэпещIэ, абыхэм я зэдэлажьэныгъэр егъэбыдэ. НыбжьыкIэ гъэзугухэм социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм хъарзынэу хозагъэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, Урысейм щIэ зэпыщIэныгъэхэм зэпымыууэ зрегъэубгъу. Апхуэдэ щIыналъэ зэхуаку зэхущытыкIэ зэгурыIуэныгъэхэр къэралым и щIыпIэ 20-м щIигъум ярищIылащ. Ахэр игъэзэщIэн папщIэ сату-экономикэ Iуэхуэхэмкlэ и хэщIапIэхэр 2006 гъэ лъандэрэ Урысейм и щIыналъэхэм къыщызэIуех, купщIафIэуи щадолажьэ.

ХЬЭРХУЭРЫГЪЭР зи лъабжьэ а Iэнатlэм ехъулIэныгъэ щызиIэхэм, лажьыгъэфкIэ я махуэм ирихьэлIэхэм ящыщIу Налшык щыIэ «Урыскъы-Сервис» фирмэ ООО-м и гуп зэкъуэтыр. Лъэ быдэкIэ рынокым хыхьауэ, абы и зэфIэкIым хегъахъуэ, щэхуакIуэхэр арэзы ещI, и Iуэхутхьэбзэхэр ирегъэфкIыу. Псом ящIэу ар зи фIыщIэр фирмэм и къызэгъэпэщакIэ, и унэтIакIуэ, унафэщI жыджэр Жылэ Темуращ. Илъэс щэщIым щIигъуэ ар сату Iуэхум зэрыхэтри, гурэ псэкIэ къыхихауэ щыта Iэщlагъэм хуэпэжу, лажьыгъэм хуэзыгъэса, тезыгъэгушхуа нэхъыжьыфIхэм я щапхъэм тету къогъуэгурыкIуэ.

Жэмтхьэлэ къуажэм щыщ Жылэ Къесын и унагъэшхуэм къыщыхъуэ щIалэ цIыкIур курыт еджапIэм щыщIэсам адрейхэм къахэщырт, школ гъащIэм щыжьджэт, есэным хуэгурыхуэти, абы лъэныкъуэ куэдкIэ зригъэуэзэщIырт. Зэрыбынитхум я нэхъыщIэти, зыдэплъеинрэ щапхъэ зытрихьнрэ и гъунэжт. Къэзылъхуахэм я лажьэкIэр, я гуп хэтыкIэр дерс хуэхъурт, езыр гуащIафIэу къэтэджырт.

Курыт школыр хъарзынэу къэзыуха ныбжьыщIэр, куэдрэ мыгупсысэу, Налшык сату Iуэхум щыхуоджэри, «Къалэплодоовощторгым» лэжьэн щыщIедзэ. Советыдзэм къулыкъу щIыщIэу къигъэзэжа нэужь, «Къэбалъкъпотребсоюзым» экспедитору мэуб икIи 1985 гъэ пщIондэ а къалэныр ирехьэкI.

- Ди унафэщIу щыта Жыгун МуIэед хуабжьу цIыху гуапэт, гудзакъэ зиIэ лэжьакIуэшхуэт. Зэпымыууэ къытхIэпыпльырт, къытхуэсакъырт, сату Iуэхум дызэрэкигъэгъуэзэным хущIакъурт. Дэри, ди псэр кIэрыпщIати, и дерсхэр тфIэлъапIэу и псалъэм дытетт. Налшык и «Продторг» конторэм щагъакIуэм, дэри дыздишэри, а Iуэхущlапlэм и предприятэхэм къалэн пыухыкIахэр щыдгъэзэщIащ, адэм хуэдэу къытщхьэщыта нэхъыжьыфIыр зы махуи дгъэукIытакъым, - жеIэ Темур и щIалэгъуэр гуапэу игу къиргъэкIыжу.

А илъэсхэм «Продторг»-м тыкуэни 125-рэ Налшык щигъэлажьэрт. Абыхэм ящыщу и гупым къегъэщIылIахэр зыхуейхэмкIэ къызэригъэпэщын щхьэкIэ, Жылэм лъэкI кынгъэнакъым, муниципальнэ сату производственнэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэу хаха нэужьи, етIысэх имыIэу, ищIэр фIэмащIэу и къупыкъуэ ирихьэкIащ. Псори зэхэту илъэс 20-м нэблагъэ а зы Iэнатlэм иритащ Темур.

И гум дыхьэу, и псэм къищтэу къыхих Iэщlагъэр цIыхум къыдалъхуу жаIэ. Абы щыхьэт текIуэ нэщэнхэм куэдрэ гъащIэм дыщрохьэлIэ. ЗэманыфI дэкIащ щIалэ дыдэу къыхихауэ щыта Iэщlагъэр Темур зэриIэпэгъуэрэ икIи зы махуи хущIегъуэжакъым. Лэжьэн зэрыщIидзэрэ нобэрэ я зэхуакум кэриубыдэу псы Iэджэ екжэщ, къэралми республикэми зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуащ. Абыхэм къыздахьа гугъуехьэр и нэгу щIэкIам и мызакъуэу, и щхьэкIи игъэунэхуащ. Арами, зыпэрыт Iэнатlэм жэуаплныгъэшхуэ зэрыпылыр зэи Iэщlэхуакъым, и жыджэрагъым хэщIакъым, IэщlагъэлI губзыгъэу, унафэщI Iэкlуэлъакlуэу, къызэгъэпэщакIу Iэзэу зыкъигъэльэгъуащ.

- Муниципальнэ сату производственнэ зэгухьэныгъэр 2004 гъэм сату Iуэхутхьэбзэкр езэгъыраб гъуу щыIэзфIагъэкI «МТБ»-р МУП-у зэрахъуэкIын хуей щыхъум, Жылэ Темур абы унафэщIу ягъакIуэ. Илъэсиплым къриубыдэу я зэфIэкIым хигъахъуащ, щIыпIэхэм хуаIэ зэпыщIэныгъэхэм зригъэубгъури, а Iэнатlэр зи лъабжьэ «Урыскъы-Сервис» фирмэ ООО-р къызэригъэпэщащ. Абы лъандэрэ дэкIа зэманым я Iуэхущlапlэм нэрылъагъуу зригъэужьащ, «Сатуущlхэм я зэгухьэныгъэ» организацэм хъарзынэу долажьэ. Темур и Iуэху зехьэкIэмрэ и гуп хэтыкIэмрэ укIэлъыплъыну гуапэщ. «Гумызагъэм и гуэн изщ», - жаIэрэкъэ! Ар зэхьэлIар Жылэм хуэдэхэрщ - и дэтхэнэ махуэри Iуэхуфlкlэ гъэнщIащи, лажьыгъэр докI, Iэнатlэр йофIакIуэ, цIыху щэщIым ныззрыхьэс и гуп зэкъуэтым абы зыдеуэзащI. Зэманым псалъэкIэ зыдеезыгъэкIуэм ящыщкъым Темур. Сыту жыпIэмэ, «зэблэкIыгъуэ» зыфIащауэ щыта лъэхъэнэм и къаруиныгъуэ дыдэу хиубыдэри, абы къыздихьа гугъуехьэм и курыкупсэм хэтащ, сату Iуэхур зэIубэ щIыным, а Iэнатlэм и зехьэкIэм, и унэтIыкIэм хабзэ хэлъхьэным къаруушуэ ирихьэлIащ. «Лъэщым и лъэр щIокI», - жыхуаIэрати, а псори къыщхьэпэжащ. Къыхэзгъэщыну сызыхуейращи, лэжьыгъэмрэ цIыхугъэмрэ зэщIыгъумэ, Iуэхур докI. Ар Жылэ Темур дыдолъагъури, и Iэнатlэ мытыншым ехъулIэныгъэщIэхэр щIэну, и гупым щIыгъуу узыншэу я махуэр куэдрэ игъэлъэпIэну ди гуапэщ, - жеIэ «Сатуущlхэм я зэгухьэныгъэ» организацэм и профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым и унафэщI Бекъалдыр Маритэ.

И пщIэр иныгъыжу къэгъуэгурыкIуэм и насыпщ. Ар зэхъуэлIэр зэманыр Iуэхуфlкlэ зыгъэнщIэхэщ, дыгъуасэр нобэм, нобэр пщадэм пызыщIэхэщ, ипэкIэ плъэхэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Темур щIыхуэ къытенэркъым. Къапщтэмэ, метр зэбгъуэзнатIи 150-м хуэщIа ерыскъы щапIэ тыкуэн фирмэм и мылъкукIэ иуэхуащ. ЦIыхур махуэ къэс зыхуей шхыныгъуэ лIэужьыгъуэ псори Iэгъуэблагъэм щыпсэухэм абы щагъуэт. КъищынэмыщIауэ, езы фирмэм щIакхъуэ егъажьэри, абыкIи былымыл къабзэкIи щэхуакIуэхэр къызэрагъэпэщ. Тыкуэным и лэжьыгъэр тэмэму зэтеублащи, цIыхуэхэр нэхъ зыхуейкъым, зыщIэупщIэхэм гулъытэ хуащI. Абы и щIыхьэтщ сом мелуан 18-рэ мин 500-рэ и уасэ сату мы ерыскъы щапIэм нэгъабэ зэрыщызэблагъэкIар.

Къалэшхуэхэм, псалъэм папщIэ, Мэзкуу, Краснодар, Ставрополь, нэгъуэщI щыпIэхэми я сату хэщIапIэхэм, бюджетым щымыщ фондхэм жыджэру зэрадзлажьэм, рестубликэм къыщыхалъхьэ псапащIэ Iуэхуэхэм зэрыхэтым, унагъуэ хуэмыщIахэм, сабий сымаджэхэм зэрадзэпыкъум къыхэкIыу, зыхэт гупымрэ бизнес зэгухьэныгъэмрэ я деж Жылэм пщIэшхуэ щIэщ. И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу абы къыхуагъэфащащ Урысейм и Лъэпкъ Арт комитетым и дыщэ медаль, «Сатуущlхэм я зэгухьэныгъэм» и профсоюзым и Комитет нэхъыщхьэм, КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм, Налшык къалэ администрацэм я щIыхь тхыльхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэри.

Зэманыр и пIэм иткъым. Абы дабжьэуэфыр Iуэху щхьэпэхэр зи Iэрыкlырщ, жэрдэм зэпышIэхэр зи Iэпэгъуэрщ, къалэнышхуэхэм тегушхуэрщ. «Ерыскъы-Сервис» фирмэ ООО-м и унафэщI Жылэ Темур и дэтхэнэ махуэри апхуэдэу гъэнщIащи, и мурадхэр къехъулIэну, зи пашэ гупми езыми нобэрэ я махуэм зыдауэзэщIыну ди гуапэщ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Театр

Лъэпкъырщ зыхуэлажьэр

Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и мыгъэрей лэжьыгъэр зэхуищIыжащ къэрэшей драматург Аппаев Билал и пьесэм къытращIыкIауэ зыбжанэрэ къагъэлъэгъуа «Унэидзыхьэ» спектаклымкIэ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, ар игъэуащ КъБР-м гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Теувэжьыкъуэ Владимир. Шэч хэлъкъым адыгэ театрым иужьрейуэ нэхъ къехъулIа гушIэ спектаклхэм «Унэидзыхьэр» ящIащ зэрыхъуам. Дапщэрэ ямыгъэлъагъуэми, а лэжьыгъэм цIыху куэд зэхуеушэ, я псэм зыщIигъэпсэхуащ, жыпIэну спектакль нэужьым уаIуплъэу. Мыращ жиIэр езы театрым и художественнэ унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артистхэ, КъБР-м и цIыхубэ артистхэ ЖьакIэмыхъу КIунэ: «Театр щIыщIэр цIыхуращ, ар зыхуэлажьэр лъэпкъырщ. Ди къаруан нэхъыщхьэу къызолъытэ къыдэплъхэм я гур хэдгъэхъуэныр, пэжагъ яхэлъу дунейм тетын папщIэ лъапIэныгъэхэм хуэдеджэныр, щэнхабзэм зедгъэужьыныр, фIым дытелэжьэныр». Театреплъхэм КIунэ яжриIащ я лэжьыгъэм щыпащэжыну пIалъэр къэсмэ, зэхуэгуапэу зэIущIэжьну зэрыщIэхъуэпсыр.

А пIалъэр къэсыху цIыхухэм фIыкIэ нэхъ ягу кьинжьын хуэдэу, КъБР-м и къэрал театрым и актерхэм «Унэидзыхь» спектаклыр я бзэкIи, къафэкIи, уэрэдкIи зэгугъужу къагъэлъэгъуащ, театреплъхэм я гукъыдэжьыр къалэтащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Дзюдо

Емкъужым и гуащIэ

Блэкlа зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм республикэм хъыбарыфIитI къэсащ дзюдом теухуауэ: Тюмень къалэм щекIуэкIа «Большой шлем» дунейпсо зэхъэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм дыщэ медалитI щызыIэрагъэхьащ, КъБР-м Дзюдомкlэ и федерацэм и президент Емкъуж Мухьэмэд къыщратащ дунейпсо категорие зиIэ судьям и дэфтэрыр. Европэм дзюдомкIэ и союзым и президент Соловейчик Игоррэ Дзюдомкlэ дунейпсо федерацэм и спорт унафэщI Снайдерс Янрэ жаIащ Емкъуж Мухьэмэд Урысейм дзюдом зыщегъэужьыным и гуащIэ зэрыхилъхьар, судьяуэ зрагъэблагъэ зэхьэзэхуэхэм и къалэныр тэмэму зэрыщызэфIихыр.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

● Бадзэуэгъуэм и 21-м КъБР-м и Хэхакlуэхэр комиссэм хэхыныгъэм и хабзэхэм, абы теухуауэ щыIэ хуитныгъэм, щэнхабзэм зегъэужьыным хуэгъэпса Урысейпсо зэпеуэм щытекIуэхэр щагъэлъэпIащ.

ХАБЗЭ хъуауэ, УФ-м и ХэхакIуэ комиссэмрэ Урысейм и ЦИК-м деж хэхыныгъэ Iэмалхэм щыхурагъадж Урысей центрымрэ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр я гъэсэу 1999 гъэ лъандэрэ зэпеуэр ильэс къэс ирагъэкIуэкI.

Зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэр хэхакIуэхэм мы Iуэхум теухауэ я зэхэщIыкIымрэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIымрэ зегъэужьынымрэщ.

Мы гъэм а зэпеуэм и япэ саугъэтыр ялысащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Бизнесымкlэ и институтым и егъэджакIуэ нэхъыжь **Къарей Мурат**рэ Плехановым и цIэр зезыхьэ университетым и кьудамэу Псыхуабэ дэтым и юридическэ факультетым и студент **Поляковэ Эсмарэрэ**. Абы-хэм зэгъусэу зэпеуэм ирагъэхьат «Тенденция развития избирательной системы России и электорального поведения» лэжьыгъэ гъэщIэгъуэныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхакIуэхэм и комиссэм и секретарь Атмурзаевэ Иринэ зэпеуэм щытекIуэхэм ехъуэхъуа иужь, абы къагъэхьа лэжьыгъэхэм гулъытэ щхьэхуэ зэрахуэфащэр, абыхэм жэрдэм ящIу жылагъуэм я сэбэп зыхэлъ Iуэхум зэрыхэтыр и гуапэ зэрыхъур къыхигъэщащ. Апхуэдэуи абы зэпеуэм хэта псомиф фIыщIэ яхуищIри, дяпэкIи зэдэлэжьэну зэрыщыгугъыр жиIащ.

Зэпеуэм щытекIуэхэм Урысейм и ХэхакIуэ комиссэм и ЩIыхь тхыльхэр зэрагъэгъуэтащ. УФ-м и ЦИК-м и фIыщIэ тхыльхэр зэпеуэм щытекIуэ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэ унафэщI, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэр Бизнесымкlэ и институтым и егъэджакIуэ **Къарей Расул** иратащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Илъэс къэс йокIуэкI

Зи зэфIэкIым пщIэ игъуэтахэр

Метр зэбгъуэзнатIи 150-рэ хъу Iуэхущlапlэр Налшык и Балъкъэр уэрамым тетщ. Министрым зэрыжиIамкIэ, Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм ар ират илъэси 10 пIалъэкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуздзэ Дадэ МуIэед иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм щыхэпльа зэIущIэ. КъБР-м щIымрэ мылъкумрэ я Iуэхуэмкlэ и министр Бышэн Аэрэт къэпсэльащ Урысейм и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр щыIэжьэн Iуэхущlапlэ етныным и Iуэхуфlэ. Метр зэбгъуэзэнатIи 120-рэ хъу Iуэхущlапlэр Налшык и Балъкъэр уэрамым тетщ. Министрым зэрыжиIамкIэ, Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм ар ират илъэси 10 пIалъэкIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и къэрал мылъкуу щыт Iуэхущlапlэ зыбжанэ муниципалитетхэм я мылъкум хэгъэхьэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къиргъэлъэгъуа проектри Бышэным къиргэлъэуащ.

- Апхуэдэщ Каменномост къуажэм щIэуэ дащIыхьа сабий садыр. Дзэлыкъэкъуажэ и муниципальнэ мылъкум хагъэхьэнущ Бахъсэн къалэ щыIэ «Агро» колледжым и нэIэ щIэта Iуэхущlапlэр. Ар хуэмыщlахэр псэупlэкlэ къызэгъэпэщыным хухахынущ.Ислъэмей къуажэм иратынущ сабий-хэр гъэздэжь зэмылIэужьыгъуэхэм щыхукурагъэджэну Iуэхущlапlэ, - жиIащ абы.

Зы щы Iыхьэ лIэужьыгъуэр нэгъуэщI лIэужьыгъуэм хуэгъэкIуэным теухуауэ Бышэнкр зэхэпсэльащ. КъБР-м и Правительствэм и унафэкlэ мэкъумэш Iэнатlэм къыщагъэсэбэпу щыта щы Iыхьэу хы, гектари 8,7-рэ хъуу, промышленностым, Бахъсэн районым и гъэзгуIуфэхэм ухуэныгъэ щрагъэкIуэкIнухэм хухахащ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ КъБР-м щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ граждан институтхэмрэ ядзлжьэныкIэ 2013 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа къэрал программэм. Ар яубзыхуащ Урысейм ис лъэпкъхэр зэкъуэт щыным теухуа къэрал программэм и мардэм тету. КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм ядалэжьныкIэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ и управленэм и унафэщI **Кlурашын Анзор** жиIащ къэрал мылъкум къыхэкIыу а Iуэхум сом мелуани 4-рэ мини 155-рэ мы гъэм зэрыхухахар. Республикэм и бюджетым щыщу абы халъхьащ сом мин 314-рэ.

КъБР-м и щIыналъэ автомобиль гъэзугухэм я щытыкIэм, бжыгъэм и гугъу ищIащ КъБР-м Гъэзугухэмкlэ и управленэм и унафэщI **Къуныжь Вячеслав**. Дзэлыкъуэ районым щыIэ гъэзугуитIым техникэ и лъэныкъуэкIэ нэмыщIыса гуэрхэр къыщыгъэлъэгъуати, ахэр ягъэзэкIуэжащ, мы гъэм уэм икъута лъэмыжитI бжыгъэм хэттэхъыми, ахэри къагъэлъэгъуэжащ. Автомобиль гъэзугухэм щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ, щыналъэм и гъэзгу фондым сом мелуан 30-м нэблагъэ къызэрэхэхъуам къыхэкIыу. Ар илъэс кIуам щыIэ щIыуэпсым и къэхъугъэ шынагъуэхэр (ЧС) гъэзэкIуэжьным хухаха, апхуэдэуи бюджет зэхуаку трансфертым къыхэкIа ахъшэщ. Мылькум щыщ зэгъэкIуэнущ щIыуэпсым и къэхъугъэ шынагъуэхэр гъэзэкIуэжьным и фонд гуэдзэным.

КъБР-м и щIыхуэхэр 2015 гъэм транспорткIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхуэкlэ «Федеральная пассажирская компания» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам зэгурыIуэныгъэ ещIылIэныгкIэ КъБР-м и Правительствэм и проектыр къиргъэнэIуащ КъБР-м Транспортымрэ связьмкIэ и къэрал комитетым и унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащlэ **Салманов Арслан**. Нэгъабэ Москварэ Налшыкрэ я зэхуаку вагонибгъу дэтамэ, мы гъэм ар 5-м нэсыху ягъэмэщIащ. Iуэхум текIуэдэну мылъкури иджы нэхъ мащIэщ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «КъБР-м и щIыхуэхэр псэупlэкlэ къызэгъэпэщынымкlэ 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа» къэрал программэм. Псори зэхэту абы хухахынущ сом меларди 127-рэ: федеральнэ мылькум щыщу - сом меларди 4,8-рэ, республикэм ейуэ - сом меларди 4,9-рэ, щIыналъэ мылъкум - сом мелард 1,6-рэ, бюджетым щымыщ къигъэхъуапIэхэм - сом меларди 115,8-рэ. Республикэ бюджетым абы хухихыну мылькур сом мелуан 306,2-кIэ ягъэмэщIащ.

КъБР-м социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр гъэтэмэныным теухуауэ лажьэ комиссэм жэуап зыхь и секретару хахащ КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, щIыхуэхэр IэнатIэхэмкIэ къызэрэпэщыныкIэ социальнэ дэIепыкъуэныгъэмкIэ и министрым и къэдзэ Ацкъан Ратмир.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ Адыгэм я махуэм иращIыкIыну Iуэхугъуэхэр къызэзыгъэпэщыну гупым хэтынухэр.

Иджыри хэплъэжьын хуейуэ къалъытащ «Къэббалъкъвольфрам» акционер зэгухьэныгъэ зэIуха уху ухуэным и проектым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Налшык щаукIа щIэпхъаджащIэхэм гупым я Iэтащхьэри яхэтт

Террорым пэщIэтыныкIэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащIэ центрым кьет:

ТЕРРОРЫМ пэщIэтыныкIэ лъэпкъ комитетым и оперативнэ штабым вэсэмахуэ иригъэкIыжа Iуэхуэхэм япкъ иткIэ Налшык и кум щаукIащ къэрал псом къыщалъхьэуэ икIи терроризмэм пыща щIэпхъаджагъэ щхьэхуэхэм хэта щэхурылажьэ бандэхэм ящыщ цIыхуих.

ЯукIахэр зищIысыр щыIэхагъэкIым, и благъэхэм къаулыхужащ 1992 гъэм къалъхуа, бандэ гупым я унафэщI Абшаев Сулътlан. Ар щIэпхъаджащIэхэм я бжыгъэм хагъэхъуэн папщIэ щэхурылажьэ гупхэм я кьахыхьэну щIалэгъуалэр къэзыгъэдаIуэхэм я Iэтащхьэт.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабыр зэрыщыгъуэзэмкIэ, Абшаевыр хэтащ 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м ГИБДД-м и инспекторыр Налшык щызыукIахэм, апхуэдэу 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэр и сабийр и гъусэу къыщыщIэкIым зыукIахэм. Апхуэдэу ар нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ зыбжанэми хэтауэ къалъытэ.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабыр зэрыщыгъуэзэмкIэ, Абшаевыр хэтащ 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м ГИБДД-м и инспекторыр Налшык щызыукIахэм, апхуэдэу 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэр и сабийр и гъусэу къыщыщIэкIым зыукIахэм. Апхуэдэу ар нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ зыбжанэми хэтауэ къалъытэ.

Нэлуэ къызэращIамкIэ, щIэпхъаджащIэхэм иджыпсту загъэхьэзырырт Республикэм и махуэм ехьэлIа гуфIэгъуэхэр щрагъэкIуэкIкIэ, властым и органхэм я лэжьакIуэхэм ятеуэну.

Щэнхабзэ Гъэзджэ Литературэ Щэнныгъэ Анэдэтлъхубзэ

«Адыгэ псалъэм» и къудамэ

Щыхуьагъуэ

Гукъэкlыжхэр Гъэзугуаиэ тхыгъэхэр Хъыбархэр

КЪАРДЭН Самир:

Ди лъэпкъэгъухэм защlыдогъакъуэ

● Ди псэлъэгъуэхэр

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэт, Иордан Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм и сенатор, а къэралым щыlэ Адыгэ Фlыщlэ Хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым и лэжьыгъэм хэта нэужь, упщlэ зыбжанэкlэ зыхуэдгъэзащ и нэlэ щlэт зэгухьэныгъэм и къалэнхэр къызэрехьулlэмрэ лъэпкъым и нэхъыжьыфlым и Іуэху еплъыкlэхэмрэ зэдгъэщlэн мурадкlэ.

- Самир, ДАХ-м и Х Зэхуэсыш-хуэм и пэ къихуэу Хасащхьэм хэтхэр иужьрейуэ зэхьихьауэ араш. Ар щlимыдзэ щlыкlи лЫкlуэ гуп КЪБР-м и Іэтащхьэм фхуэзэащ...

- Хасэ Іэхуэкlэ мыбы нэс дыкъызэрыкlуар къыгъэсбэну, КъБР-м и Іэтащхьэм дызэрыгъэблэгъам щхьэкlэ фlыщlэ хузощ. Дэ куэдым дытепсэлъыхьащ, ауэ сэ нэхъыбэу сигу кьеуэу кьыхэзгъэщар Налшык щыlэ кхъухьлъатэтlысыпlэр тэмэму зэрымылажьэращ, Иорданием ужькlиуэ хэкум укъэкlуэжьыным гу-гъуэгьашхуэ зэрыпlуьрыщ. Сыхьэтитlрэ ныкъыорэ фlэка зытемыкlуэдэну гъуэгум дэ зы жащ-маухэкlэ дытетщ. Тыркум дыкъолатэ, абы и кхъухьлъатэтlысыпlэм сыхьэт бжыгъэкlэ зыщыдоlэжьэ, итlанэ Мин-Воды дыкъокlуэ, ар-гуэру километр щэ бжыгъэ кьы-зэпыдоупщl, Налшык дыкъэсыхьу. Мыбы си закъуэкъым гугъу иригъэхьыр, ар дызэрызэкlэлъыкlуэ гъуэгущи, зыхуэй хуэдмыгъаззу хъунукъым. Кlуэкlуэ Юрий дыкъигъэугъащ абы и Іуэху зэрихуэну. Мыбыкlэ Іуэхур щрагъэжьамэ, Иорданиемкlэ ар щызэфlэхыным сэ сыхэлlыфlыхьынут.

- Хасащхьэр иджыпсту нэхъ зиужь ит Іуэхуэм ящыщу сытыр нэхъыщхьэ? Сыт арэзы укъэзыщlу хэлъыр, сыт уигу зэрыгъуэр?

- Сигу иримыхьамкlэ къыщlэдзэнщи, Урысеим къыдигъэкlа унафэм ипкъ иткlэ, ДАХ-м и цlэр зэрахъуэкlын хуейуэ къагъэуващ. «Дунейпсо Адыгэ Хасэр» екlущ, дахэщ, дызыхуей псори кьызэщlеубыдэ. Къэрал куэдым щыпсэу адыгэхэм пльапlэу, гугъапlэу яlэр а зэрращ, къызэрызэlуах лъандэрэ зэрихьэ цlэри араш, абы ипкъ иткlэ, дэ дызыхуей гуэр пхыдгъэкlыфыну лъэкlыныгъэ диlэмэ, зэрезгъэхъуэкlынутэкъым.

- Уэ ДАХ-р щауха дыдэм щегъэжьауэ ухэтщ. Иорданием щlэ Адыгэ Фlыщlэ Хасэми куэд щlауэ ущылажьэрэ?

- ДАХ-р щызэхашам и тхьэмадэр Іэзэткlэ хэтхри, къуэдзэм деж дынэсащ. Абы щыгъуэм КъБР-м и Президентыр Кlуэкlуэ Валерэти, абы си цlэр щыжиlэм, псори арэзы дахъуащ. Арати, илъэсихкlэ тхьэмадэ къуэдзэу сыщытащ. Итlанэ щхьэусыгъуэ гуэрэхмкlэ сутlыпщыкри, зы пlалъэ екlуэкlащ сэ сахэмыту, Адыгэ Фlыщlэ Хасэм сыщылажьэкъым. Зэман дэкlа нэужь, ди щlапэкъым зыкъыхуэгъаззэри, ауэ сыхахыжащ илъэсищ пlалъэкlэ. Абы ижь хасэ Іуэху зезмыхуэу сэ зэи сыпсэуакъым.

ДАХ-м и иужьрей Зэхуэсыш хуэм иужькlэ, сэ Иордан Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм и сенатору сыхахыну сыкъэзгъэгъуащ. Дэ къыгтпсэуу утыку кьихьэну зи мурадхэм лЫкlуэ къысхуагъакlуэрт: «Уэ сенатор ухъумэ, Хасэр сыту пщlыну? Пащтыхьым иужь къэралым унафэ щызыщlынур фэращ, ар кьалэныщхъуэ, тlури пхуэдэхьынкъым», - жаlэу. Уеблэмэ ар къэрал унафэщlхэм я дежи нагъэсат. Сенаторхэм я тхьэмадэр кьызоджэ зы махуэ гуэрым:

- Уэ сыпхуэдамэ, Хасэм сыхьихьэнтхъым. Дэ жэуаплныгъэ ин дипщэ дэлъщ, уэ Хасэ жьпIэу уежьэжкlэ зэфlэкlыкрхъым.

- Абы теухуауэ бжесIэнур мыращ, - зыхуэзгъэзащ тхьэмадэм. - Пащтыхьыр Тхьэм игъэпсэу игу сыкъыззэрыкlам, и дзыхь кьыззэрызгъэзам щхьэкlэ, ауэ сэ псом япэ из-гъэщцыр сыкъызэызэкlа лъэпкъращи, адыгэ Іуэхумрэ Хасэмрэ зэи Іэщlыб сщlынукъым. Сыт хуэдэ Іэнатlэ лъагэ къыхсуамыгъэлъагъуэми, абы елъэхъщхьэкlырхьым си лъэпкъ и Іуэху дзгъэзкlынур.

- Ухамыхрэ, уи напэр текlауэ укъэнэжмэ-щэ, сенатор ухъунымкlи зэран узыхуэхъужауэ? - кхъыжкlат, сыщlригъэгъуэжьын мурадкlэ.

- Адыгэ Фlыщlэ Хасэм и тхьэмадэ сымыхьэфмэ, пащтыхьыр щlегъуэжьну арамэ, умыгузавэ, си Іуэху сщlэжьнщ, - жысIэри сыкъыщlэкlыжащ.

Арщхьэкlэ, сэ тхьэмадэу сыхахри, цlыху 17 дыхьуу лэжьэн щlэдзащ. Уи насыпмэ, уэ дзыхь зыхуэпщlу утыку къыпшащэр аухылагъу къыбдэхъунщи, къыбдэлэжьынщ. Итlанэ уи Іуэху дзкlынущ.

- Адыгэ Фlыщlэ Хасэр зыщlэсыну унэшхуэ зэрыфщlым сыщыгъуаззщ, КъБР-м и Іэтащхьэу щыта Кьанокъуэ Арсени фытригъэгушхуат, мылъкукlи зыкъыфщlигъэкъуат. Абы и Іуэхур дэнэ нэса?

- Егъэлеяуэ унэшхущ ар, метр зэбгъуэзнатlэ 4400-рэ мэхъу, езыр кьатищу зэтетщ. Цlыху мин щlэхуэу зэIущlэхэр щедгъэкlуэкlыну пэшыпшхуэ хэтщ. Фэ зэрыфщlэжщи, ар кьыщедгъажьэм Кьанокъуэ Арсен зуабжьу кьыддэIэпыкъуэу щытащ, ауэ ди мылъкур зэкlэ зэрырмыкъум кьыхэкlыу уухэныгъэр кьызэтедгъэувыIауэ щытщ. Иджыблагъэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Іыкlуэхэр Сириемрэ Ливанымрэ щыIауэ, Иорданиеми нэкIуат. Абы-хэм сенатор Кьанокъуэ Арсени яхэтти, пщыхьэщхьэм а унэм тшэри едгъэплъащ, и инагъыр, дэгъуэгъыр игъэщlэгъуащ. Еплъанэ махуэм Арсени и гъусэхэри Хасэм едгъэблагъэри, цlыху 200 хуэдизу щlэсу лъэпкъ Іуэхуми Урысеймрэ Иорданиемрэ я зэпыщlэныгъэми дытепсэлъыхьащ. Абы щыгъуэм къыддэкlащ: «Сэ гъуэгу тезгъэзыкъытезнэрхьым, унэр нэвгъэсынмкlэ сэбэп сыхъунщ».

Гъэмахуэм и пэщlэдзэм иордан динару мини 150-рэ хуэдизу банк тхьэмадэхэм сепсалъэурэ зэхуэсхьэсащ, кьищынэмыщlауэ, адыгэ анэм кьиулъхуэ хьэрып щlалэ кьытхуеблагъэри, «зыгъэркlэ сывдзэпыкъуну сыхуейт» щlыжкlэм, ди гуапэ хъуащ. Нысашэ, гуфlэгъуэ зэхьихьэ щебгъэкlуэкlхуну пэшышхуэ хэтщ унэм, ар щедгъэлъагъум, «мыр сэ сщlынт зыхуей хуэзэу, си анэм и цlэр блынэм ящыщ зым тедыгъатхэмэ», щыжиlэм, пэрыуэгу дыхуэхъуакъым. Пэшым елэжьыну дизайнер щlалэм кьедгъэбжри, динар мин 270-рэ текlуэдэнути, чекыр кьыдитри щlэкlыжащ. Шыкуэхэ япхъуу щlалэм и анэр, кьэбэрдейщ.

Хасэ унэм пщlантlэшхуэ иIэщ, ди мылъку тхурикъурэ зыхуей хуэзэу зэфlэдгъэкlамэ, дехьулIат. Абы хэтщ пащтыхь Іэнатlэ гъэбгъэблагъэ хъуну пэшхэр.

- Хасэр, Іуэрыlуатэм къызэрызэщцыжым тепщlыхьмэ, нэхъыжь жьакlэхуэхэр щызэчэнджэщ, лъэпкъ Іуэху щызэфlагъэкlэ зэгухьэныгъэщ, Іуэхум и хэкlыпlэхэр нэхъ тэрэзу къэзыгъэтыр, щэч хэмылъу, нэхъыжьхэраш, Ауэ, сэ сыызэреплъымкlэ, абыхэм я Іуэхущlафэхэм кlэлъыплъ, щlалэгъуалэр къызэщlэзыгъэуIуэф, къэзыгъэдэIуэф ныбжьыщlэхэр зрагъэгъусамэ хъунут. Фэ фиIэ апхуэдэ къудамэ?

- «Хасэ-Анэкlэ» дызэджэм куэд къызэщlеубыдэ. Псоми я щхьэ Іуэху зэрахуэжу, я ахъшэкlи я бохъшэкlи я щхьэ Іуэху дагъэкlыжу ныбжьыщlэ Хасэ, спорт Хасэ, «академие» цlэр зезыхьэ Хасэ, бзыльхъгъэ Хасэ диIэщ. Езы «Хасэ-Анэр» къудамибл мэхъу, щыпlэ зэхуэдэхэм щыплажьэу. Мыхьэнэщхуэ иIэу Амман щолажьэ пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цlэр зезыхьэ школыр. Абы сабий 890-рэ щоджэ. Нэхъыбэ къекlуэлIэну хуейуэ апхуэдэщ. Къищынэмыщlауэ, зи школ кlуэгъуэ мыхъуэ цlыкlухэр щаIыгъ Іуэхущlапlи щlауэ.

- Арузыгъэгуфlэ уи къуэрылъу цlыкlур здэкlуэ гъэсапlэра?

- Ара дыдэщ. Ар си щlалэ курытым и къуэщ, дэ къытхэсщ. Ахьмэдщ абы и цlэр. И гугъу щыпщlакlэ, мыр бжесIэжьынщ. Зы илъэсым нэблэгъауэ макIуэ Ахьмэд, адыгэ гъэсапlэ. А цlыкlур зы махуэ къыщlэлъэджри:

- Уи махуэ фIыуэ, дадэ, - жиIащ.

- Ар пэжу жыпIа? - щыжысIэм.

- Пэжщ, нанэ къыббгъэдэсамэ, «Фи махуэ фIыуэ» жысIэнут, уи закъуэщlапlи апхуэдэщ зыпхуэзгъэзащ, - жиIащ зэкlэлъитгъэпlащlэу.

Абы и шыпхъу цlыкlум иджы къикlухьын щlидза кьудейуэ аращи, адыгэбзэ фIэкIа зэхедгъэхьыркъым. Псэлъэн щlидзэмэ, адыгэбзэкlэ къызэрыдэпсэлъэнум щэч кьытехьэркъым, сытщхьэкlэ жьпIэмэ, иджы щыщlадзауэ «дадэ», «нанэ» жи, аращ жиIэфыр зэрыхъур.

Адыгэ щыпсэу хэгъэгуэгъэр кьапщтэмэ, дэ нэхъ зи Іуэху фIы щыIэкъым, ар къызыхэкlыр гъэсапlэрэ щколрэ дызэриIэрщ. ЕджапIэм гъэсэрдей, адыгей диалектэмкlэ щрагъаджэ, адыгэ щэнхабзэр, хабзэр щрагъаджэ. Хасэхэм дэтхэнэми езым я унэ яIэжщ, зыми фотэрыпщlэ итыркъым...

- Фи Хасэм псапэ ищlэу къекlуэкlащ. Абы фытет иджыри, апхуэдэ къэкlыныгъэ фиIэ?

- Хасэм щылажьэхэр гуп-гупу дгъэпсаэу, хэти щэхабзэм, хэти бзэм, хэти псапэм телажьэу апхуэдэщ. Дэтхэнэ зы лъэпкъми ещхьу, дэри кьытхэтщ унагъуэ дэхуэхахэр, фызабэхэр, адэ-анэ зымыIэж сабийхэр. А псоми ди нэIэ ятедгъэтщ. Зы мазэм иордан динару мини 10, мин 15 хуэдизу ядот. Щlымахуэм унэр зэрагъэхуэбжьэн хуейкlэ, ахъшэр нэхъыбэу яхуэхьдох, кьищынэмыщlауэ, зыпхуэIмазэми нэхъ хэгъэхьауэ дадоIэпыкъу. Кlэщlу жьпIэмэ, унагъуэ щитlхуэдизым мазэ кьэс ахъшэ хэха ядот. Ар нэхъапэм Хасэм кьекlуалIэхэр кьащтэу щытащ. Зэгуэрым, тхьэмадэу сыхахатащlэу, 1990 гъэхэм ирихьэпlэу, зы бзылъхугъэ къыщlыхьащ. Сыщlэсу къызэрилъагъуу, зигъаззри щlэкlыжащ. Ар щхьэ щlэкlыжа щыжысIэм, щlэс щlалэхэм жаIащ: «И ахъшэ тlэкlур кьищтэну кьэкIуати, кьыпщыщыкlытэу щlэкlыжауэ арагъэнщ». Хуабжьу сигу щlыхьащ, ар, икIи япэ дыдэу зиужь сихьаxэм ящыщщ ахъшэр банкым дгъакIуэу зэтеублэнщ. Адыгэм и хьэлтэкъым и Іэр шияуэ дэтыну, и щхьэр зыгъэрым хуигъэщхъыну.

Апхуэдэу унагъуэм сабийр ирагъэджэмэ, дунейм ехьажа щыIэмэ, Іэмал имыIэу ахъшэкlэ защlыдогъакъуэ. Нэщl мазэм псапэ къэзыхьыну хуейр нэхъыбэщи, ахъшэщхуи кьызэхуахьэс, ерыскъыи кьрахьэлIэри, Хасэм кьекIуалIэхэр ягъашхэ.

- Иджыпсту дэнэ щыпсэу адыгэри егъэгушлэ Сириием къыщыхьея зауэм кьрихужьа ди лъэпкъэгъуэхэм хамэ къэралхэм, я хэкужьым щхьэегъэзэныпlэ къыщалъыхъуэн хуей зэрыхъуам. Йорданиемкlэ нэзыунэтlа адыгэхэм я Іуэхур сыт хуэдэ?

- Пэжщ, ар нэхъ дызэпсыгъэгумэщlхэм ящыщщ. Унагъуэ 518-рэ, цlыху мини 2-м щlигъу, унэхэм щlэдгъэтlысхьащ дэ. Иджыри щlэздэсым зы цlыху зэтырэхэм къыщызэтедгъэувыIакъым. Къхьухьлъатэтlысыпlэм зыплъщlауэ, къаIуэхэм адыгэ яхэтмэ, дэ занщlэу хуябар къыдагъащlэ. Ди щlалэхэм къашэри, дгъахьэзыра унэхэм щlагъэтlысхьэ. Унэ щlэбгъэтlисхьэкlэ зэфlэкlыркъым, тепIэн-щlэльныным деж щегъэжьауэ зыхущыщlэ пори ядот. Нэхъапэм гузэвэгъуэм кьрихужьауэ ди къэралым къызэрихьам щхьэкlэ ахъшэ кьрату щытащ абыхэм. Иужькlэ, шэтырэм щlэсхэм фIэкIа, унэхэм щыпсэуэхэм ирамытыж хъуащ. Абы кьыхэкlкlэ, нэхъ гугъу хъуащ ди къуэшхэм яхуэпщlэр кьыззэгъэпэщынкlи, ауэ, зэрыгтпльэкlкlэ, пэжьыгъэкlи хущхъуэкlи дазэрыдэIэпыкъыным яужь дитщ.

Тхъэмахуэм зэ я нэхъыжьхэр кьакIуэурэ я Іуэху зыIутыр кьыджаIэу ягъэпсати, сэ жжеIащ: «Дызэхуэдэ адыгэщ, фи щхьэр кьыщыдэфхьэлIакlэ, фи псэуныгъэмкlэ жэуап зыхьыр дэращи, зы-ри кьытщывмыбзыщlу, фыкъыпхьхэн, фыкъытхэсыхьэн хуейщ». Кьулыкъушхуэ зыIыгъахэр, мылъкушхуэ зиIэхэр яхэтщ абыхэм, генерал яхэтщ, СКъР-м и къхъухьэзехуэ нэхъ цlэрыIуэхэм ящыщу. Зауэм и зэранкlэ дэхуэха щхьэкlэ, яхуэфащэтхьыем абыхэм апхуэдэ псэукlэ.

- Тхьэм уигъэпсэу. Самир, хэкужьым щыбгъэкlуэну зэман мащlэм щыщ тхуэхъхыу укъызэрыдэпсэлъам папщlэ. Тхьэм фригъэфIакIуэ.

Епсэлъар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Шэрджэсейр къызэрацIыхуар

Хъуэткъуэ Самир и «Открытие Черкесии» тхылъыр къыдэкIащ

МЕЙКЪУАПЭ дэт «Полиграф-юг» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ щыщыдзэкIащ тхыдэжь щIэныгъэлI Хъуэткъуэ Самир и Іэдакъэщlэкlыу «Шэрджэсейр къызэрацIыхуар» тхылъышхуэр. XIV-XIX лэщlыгъуэхэм я зэхуакум къуриубыдэ тхыдэ пасэри XX сэтей къэхъуа къэхутэныгъэщlэхэри и тегъэщlапIэу, щIэныгъэлIым зи дыгъуасэр лэщlыгъуиблым нэблагъэ Шэрджэсейм и гъунапкlэхэм зэрызахъуэжамрэ абы щхьэусыгъуэ хуэхъуа къэхъукlащlэхэмрэ дакIэлъегъэплъ.

Тхылъым пэублэ хуэзытха, «Щlэин» фондым и унафэщlЖэмыфэ Гъазий къыхегъэщар, и фIэщlыгъэм щегъэжьауэ, иджыри къэс утыку имылъа бгъэдыхьэкlэщlэм зэрытещlыхьам. «Тхылъым «Шэрджэсейр къызэрацIыхуар» щlэ игъэтащ, сыт щхьэкlэ жыпIэмэ, пэж дыдэу Шэрджэсейр нобэми ямыцIыху къэралщ, 1864 гъэм дунейм тебзэхьыкIауэ, - етх Гъазий. - Совет зэманым адыгэ лъэпкъым ифI зыхэлъ Іуэху щхьэпэ куэд къызэрыIэтари зыщцыдмыгъэгъупщэу, гу лъыттапхъэщ а лъэхъэнэм и тхыдэтхэр адыгэ Іуэхум хэчыхьауэ фIэкIа зэрытемыпсэлъыхьам. Лъэныкъуэ куэдкlэ узэхуеплъмэ, Шэрджэсейр етIощlанэ лIэщlыгъуэм и тхыдэ щlэныгъэлIхэм яIэщlэхуа къэралу пхужьIэнущ. Шэрджэсхэм къатепщlыкlыжа лъэпкъхэм фIэщlыкlиплI зэрахъэ: адыгейхэр, къэбэрдейхэр, шэрджэсхэр, шапсыгъэхэр. Ахэр щыпсэу щlыпlэхэр щlынаlыхьым игуэшащ. Абы кьыхэкlыу, тхыдэ лэжьыгъэхэри Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкэрым щхьэхуэ-щхьэхуэу ятеухуат. Кавказым и тхыдэр кьэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэфI куэд кьыдэкlа пэтми, абыхэм языхэзыми идгъуэтэркъым щыпсэхэсэм я къэрал Шэрджэсейкlэ зэджэм теухуа напэкlуэцlхэр, ар лъэпкъ псом и щlынаlъэу зэрыщlатам хуэдэу. Шэрджэсхэм я блэкlар икъукlэ тхыдэ нэмыхъыса, удэзымыхьэх тхыдэ тхьэмыщкlуэщ къызэрыхэщlыр апхуэдэ пэжьыгъэхэм, псом хуэмыдэу езы шэрджэстхыдэтххэм къабгъэдэкlхэм».

Тхылъыр зи Іэдакъэщlэкl Хьуэткъуэ Самир и пэублэм кьыщыхегъэщ Шэрджэсей къэралыр адыгэ лъэпкъым и тхыдэ лъэхъэнэ щхьэхуэу зэрыпlытапхъэр. «Адыгэ лъэпкъым пасэ дыдэу къыззэфlэувэн щlидзащ. ЕтIощlанэ лIэщlыгъуэм антропологиллагъэ щlэныгъэхэм утыку кьрахьа я къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкlэ, адыгэхэр хъ Курытым и Іэгъуэблагъэм зыщцызыужьа балъкъан расэм и тенджыз фIыщlэ къудамэм («понтийский тип средиземноморской балканской расы») хохьэ. Уеблэмэ щlэныгъэлI лэжьыгъэхэм кьыхоувэ «адыгэ антропологическэ тип» фIэщlыгъэр. Къэдрэ къэхъуркъым дызэрыт эманым кьэнэхуа цlыху пасэрей зэманым я щlэныгъэлIхэм зэрихьэу».

Шэрджэсейм зыплъыхьакlуэ щыIа лъахэхутэхэм я тхыгъэхэмрэ картэхэмрэ и тегъэщlапIэу, Хьуэткъуэм гупсэхуу къыззофIегъэувэж адыгэхэм монгол-тэтэрэхэр къащцыхьыа лъэхъэнэри. Нэхъ пасэуи Мысырым тепщэу щыщыта адыгэ сультlанхэм ятетхьыха щlэныгъэлIым мы тхылъым абыхэм хэкум щызэрахьэу щыта лъэпкъ унэщlэхэм я щIэ кьышцеIуэ.

Нэхъ гъэщlэгъуэну тхылъым итхэм язщ «Къухьапlэ Шэрджэсейм щыIэ къэбэрдей кьуажьэхэр» Іыхьэр. Иужьрей къэхутэныгъэ іэжьыгъэхэм ирипlъэурэ, Хьуэткъуэм гу лъетэ Шэрджэсейм я Къэбэрдеймрэ щlыкlэ зэпэIэщlэ зыщlа щхьэусыгъуэми: «Къухьапlэ Къэбэрдейм ищlэр пача нэужь, тIукlэ зи инагъыр хэщlа Къэбэрдейр Къухьапlэ Шэрджэсейм пэIэщlэ хъури, зыуэ щыта щэрджэс хэкур зэпыуда хъуащ». Самир къехь ар зи Іэхущlафэ Ермолов Алексей а Іуэхугъуэм зэрытепсэлъыхь щlыкlэр: «Ермоловым зы псалъэкlи и унафэщlхэм япIугъэIэсакъым иубыда щыналъэ Іыхьэр адыгэпщэм яйуэ зэрыщытари, а щlыпlэм къэбэрдейхэмрэ абазэхэмрэ зэрыщцпсэуари: хабзэнщагъэ ищlам куэд мыхъуж къэбэрдей жылагъуэр гугъу ирамыгъэхьыщауэ мащlэу зэкlагъэкlуэта хуэдэущ зэрытепсэлъыхьыр».

Хьыбар фэдгъащlэ щыкlэу кlэутхь пычыгъуэ кlэщlхэмкlэ фи фIэщ тщыну дыхуейт картэжьхэмрэ щыпlэм и пасэрей сурэтхэмрэ куэду зэрыт, тщыгъупщэжа щlыпlэщlэхэр дзэыгъэщlухуж, тхыдэми еплъыкlэ купщlафIэкlэ бгъэдыхьэ Хьуэткъуэм и Іэдакъэщlэкlыр зи блэкlар къызэщlэныгъэ лэжьыгъэщlэхэр щхьэпэу зэрыщытыр.

Хьыбар фэдгъащlэ щыкlэу кlэутхь пычыгъуэ кlэщlхэмкlэ фи фIэщ тщыну дыхуейт картэжьхэмрэ щыпlэм и пасэрей сурэтхэмрэ куэду зэрыт, тщыгъупщэжа щlыпlэщlэхэр дзэыгъэщlухуж, тхыдэми еплъыкlэ купщlафIэкlэ бгъэдыхьэ Хьуэткъуэм и Іэдакъэщlэкlыр зи блэкlар къызэщlэныгъэ лэжьыгъэщlэхэр щхьэпэу зэрыщытыр щхьэпэу зэрыщытыр.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Дызыгъэпlейтей Іуэху

ТхакIуэхэм я унафэщIхэр хах

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и зи мычэзу 14-нэ зэхуэсыр бадзэуэгъуэм и 23-м Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуэпlэм щекlуэкlащ. Ар теухуауэ щытащ зэгухьэныгъэм и правленэмрэ абы и унафэщlымрэ зэрылэжьэну пlалъэр зэрикlам къыхэкlыу, а къалэнхэр зыгъэзэщlэнухэр щlэуэ хэхыным.

ЗЭХУЭСЫР иригъэкlыкlащ КъБКъУ-м и профессор Толгуров Зейтун. ЖьантIэм дэсащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщl Битокъу Владимир, КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, профессор Гъут Іэдэм, усакIуэ Зумакуловэ Танзиля, профессор Тхьэгъэзит Юрэ, тхакIуэхэу Опрышко Олег, Емкъуж Мухьэмэд, Мэкъуауэ Аминэ сымэ.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хагъахьэну къагъэлъэгъуахэм папщlэ зэхуэсым хэтхэм щхьэу Іэ яIэтащ. Абы кьрикIуахэр кьабжьыка нэужь, правленэм и адыгэ къудамэм Кьаныкъуэ Заринэ, Мэзыхьэ Борис, Мыкъуэкъ Анатолэ, Тхьэгъэзит Юрэ, Хьэкlуащэ Мадинэ, Тхьэзэлтlь Хьэсэн, балъкъэрым - Беппаев МутIэлип, Додуев Аскэр, Зумакуловэ Танзиля, Моттаевэ Светланэ, Табаксоев Мухьтар, Голгуров Зейтун, урыс къудамэм Котляровэ Марие хагъэхьащ.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщlу Беппаев МутIэлип, абы и къуэдзэу ТхьэгъэзитЮрэ хахащ.

КъаIэтэ Іуэхум теухуауэ зэIущlэм къыщыпсэлъащ УФ-м юстицэмкlэ и министрествэм КъБР-м щlэ Упраблен эм и лыкIуэ Геляховэ Каринэ, Битокъу Владимир, Къумахуэ Мухьэдин, Гъут Іэдэм, Беппаев МутIэлип, Тхьэгъэзит Юрэ, Зумакуловэ Танзиля, Къуэлуфэ Хьэчим.

Гъут Іэдэм жиIащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и уставымэ мазитIым къиубыдэу зэхъуэкlыныгъэхэр халъхьэну къызэрыпэщылъыр. МазитIдэкlмэ, кьызэрагъэпэщыну яубзыхуа 15-нэ зи чэзу зэхуэсым ар кьыщащтэнщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Литературэм и илъэс 2015

КIЫЩОКЪУЭ Алим

Зеич лантIэ

Зеич лантIэу гъэшыгъуафIэ,
Си адыгэ хэку.
Хэку гъэфIэну сиIэ закъуэ,
Си адыгэ хэку.
Зи щIасэгъухэр зи жагъуэгъум,
Си адыгэ хэку,
Хигъэгъуащэу зи мыхабзэ,
Си адыгэ хэку.
Узижагъуэр псым хрепкIэ,
Си адыгэ хэку,
КIэлъыхэпкIэри епкIыхыу,
Си адыгэ хэку.
Уи жьэгу мафIэ щыужьыхым,
Си адыгэ хэку,
Дэп жьэражьэ сыпхуэхъункъэ,
Си адыгэ хэку.
Къурш псы уэру сыкъехуэхми,
Си адыгэ хэку,
Пшахъуэ налъи пщыщ исхакъым,
Си адыгэ хэку.
Зы уIэгъэ уэ кьыптехуэм,
Си адыгэ хэку,
УIэгъыщэу зыхызощIэ,
Си адыгэ хэку.
Дыщэ шууэ уищI сихьэжым,
Си адыгэ хэку,
Сэламыхьу сыныпхуокIуэ,
Си адыгэ хэку.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

Ридадэ

И Іэпщэм бащэкlэ щыгугъырт.
И бийр кьиIэтти иупIэнщIт.
Ныхуитэщхьыщхьт и пщэ гурыгри,
Ридадэ и псэм «зиуэзщIт».

Къарур лъэщэху плъэкъуащ Ридадэ:
ГъущIымэр и Іум къыщиуам,
Щэхурыпхъэщу кьеуэри бий уэдыр -
Ридадэ и пщэм лъыр къиуат.

Ридадэ щэхущ. Ридадэ малIэ.
Хуэзгуоудри игу плъэкъуам -
Къуритхъыжьынут емыIалIэу,
И ИитIым языр хуэIэтам.

Нып кIапэу кьеIэтыж и напIэр,
Елъагъу: и бий къызэщIэплъам
Косог нэщхьейхэм я насыпыр
Щегъэпщкlу Іэгъуапэ лъым хэлъам.

АЦКЪАН Руслан

Адыгэ мамлюкхэр

Адыгэ мамлюкхэ,
Адыгэ мамлюкхэ,
Хэт фриIыкIуэ,
Хэт фриIыфIхэ?

Зэман кIэгъуасэм ищта кIыфIыгъэм
Фи нэхэр лыду солъагъу къыхэщу.
Фи нэхужьыбэм къурш хызолъагъуэ,
Фэ фи нэджыджхэр къуршыбгъэ
сфIощIыр.

Адыгэ мамлюкхэ,
адыгэ мамлюкхэ,
хэт фриIыкIуэт,
хэт фриIыфIхэт,
куI хужьу къуршхэр
ди бийм щалъагъум,
къыщебгъэрыкIуэм ди адэжь лъахэм,
лIы щхьэмыгъазэхэр дэнэ фыщыIэт?
КъагъаскIэу къыркъэр,
бийхэр лъэщыIуэт.

Мысыр хэку жыжьэм
и сультIаныдзэм
Ди щIалэ хахуэхэр щхьэ фрипашэт?
Фи пащтыхьыгъуэри сытым
и щIысыт,
Фи адэжь хэкур фыщимыIэжьым.

Адыгэ мамлюкхэ,
адыгэ мамлюкхэ,
хэт фриIыкIуэ,
хэт фриIыфIхэ?

Къызэпхо IукIыр фи макъэр щэхуу
лЭщIыгъуэ кIыфIхэм, лЭщIыгъуэ
кIыхьхэм:
«Бзагъад бзэзрхэм дэ дыщащэну
драш хы фIыщIэм,
къыдэмыупщIыххэу.
Ди гум щыщIари дэнэ щыфщIэну
хьэпшып пэлъытэу дэ сабий
щIыкIухэм.
ЛIыгъэ зыхэлъхэм дэ дыкъалъхуати,
ди гур гугъуехьым икъутэфакъым.
СультIан щхьэхуещэми тхуэдэ
игъуэту
я пашэу и дзэхэм дигъэувакъым.
Ди лIыгъэм кIыхьри,
дыкъэралыгъуэу
дэ илъэс куэдкIэ дафIэпсэуакъэ.
ЦIэрыIуэщI ноби щыщ куэд
къытщIэхъуэм,
зэрыладыгэр ягъэгъуэщакъым...»

Адыгэ мамлюкхэ,
адыгэ мамлюкхэ,
мы си жэщ ныкъуэм
фэ фриIыкIуэщ.

Фи нэ нэщхъейхэр кIыфIым
къыхощыр,
си нэгу щIэмыкIыу, си гум зэпхыкIыу.
Фи нэхужьыбэм къуршхэр
къытощыр,
КъысфIощI къуршыбгъэу сэ фи
нэджыджхэр...



Сэ зыми хэмылъыжу си

УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща,

Лъэныкъуэ куэд зиIэ зэчий

Даур Аслъэн нэIуасэ сыхуэхъуащ ар Чайковскэм и цIэр зезыхьэ консерваторэм щыщеджа илъэсхэм. Ялъ махуэхэм щегъэжьауэ ар нэгъуэщI студентхэм къахэщыт и жанагъкIэ, жьыджэрагъкIэ, щIэ гуэрым зэрыхуэпабгъэмкIэ.

АСЛЪЭН консерваторэм къыщыкIуам, щалъхуа и хэкум цIэрыIуэ щыхъуа уэрэдзэр иIэхэт. Ауэ Аслъэн и «Шэрджэс уэрэдищIэр» радиомкIэ къыщитым, сэ зыраскъым, атIэ макъамэм хэзыщыкIхэм зэуэ гу лъатащ зэчий зыбгъэдэлъ композитор къызэрыуэнэхуам.

Свиридов Георгий и жэрдэмкIэ, Аслъэн иджыри студенту, СССР-м и Композиторхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ. Илъэс 15-кIэ зэгухьэныгъэм и секретару сылэжьат, Урысейм и музыкэ тхыдэм зэи къыщыхъуакъым, сэри срихьэлIатэкъым апхуэдэ къэхъугъэ...

Аслъэн и «Бгырыс уэрэдитху», «Шэрджэс рапсодие», «Испэмей» лэжьыгъэхэр, нэгъуэщI классикэ макъамэхэр къыщыунэхум, дэ, композитор нэхъыжьхэм, къыдгурыIуащ адыгэ макъамэхэр ныбжьыщIэр ди чэнджащ зэрыхуэмыныкъуэр, абы ешьм и лъагъуэ макъамэм зэрыщыхишар. Аслъэн и макъамэр псэм зыхищIэрт, дахэу зэщIэжьыуэрт, шэщIат, лъэпкъ купщIэ зиIэт. Абы и яп Iэдакъэщ1экIхэм сыщыщIэдэIуам, ахэр зэрытха макъамэбзэ дахэм, ритм и лъэныкъуэкIэ гъэщIагъуэну зэрыгъэпсам занщIэу гу лъыстат. Абы и симфоние, оркестровэ макъамэхэр, хорым щхьэкIэ итхахэр Москва щекIуэкIа и пшыхьым Симфоническэ оркестр Иным щигъэзащIэу щызэхэтхьам, псори дыщыгуфIыкIыпащ. ЯдэтIыгъащ Аслъэн Къэрал саугъэтыр зэхфащэу кьышцагъэльэгъуами, «гъуазджэжьмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр къыхуагъэфэщэну жэрдэмыр кьызыбгъэдэкIахэми.

Аслъэн дежкIэ нэхъыщхьэр - дэтхэнэ и щIыхьри, цIэ лъапIэри и гуащIэкIэ, и зэчийкIэ кьызэриIэщыфаращ.

Композиторым дежкIэ нэхъ хьэлъэхэм ящыщыц спектаклхэм макъамэ хуатхыныр. Сэ «Свинарка и пастух», «Поезд идет на восток», «В шесть часов вечера после войны», «Кавалер золотой звезды» фильмхэм, спектакль куэдым макъамэ щIэсылъхьащи, фIыуэ сощIэ а Iуэхур зэрыгугъуэр. Арами, Аслъэн а къалэныр щIыхь пылъу игъэзэщIащ.

Къэрэшей-Шэрджэс драмэ театрым щагъэув «Чилийская трагедия» спектаклым макъамэ щIигъэувэну кьыщелъэIум, си деж къэпсалъэри ар кьызэчэнджэщат, а лэжьыгъэр кьищтэнрэ кьимыщтэнрэ. Сэ дэсIыгъащ абы ар икIи сызэрыгугъам хуэдэуи, макъамэ итхар телъыджэ хъуащ. ИужькIэ кьызжиIэжат а спектаклри абы хуитха макъамэри цIыхухэм ягу зэрырихьар. Абыи кьегъэльагъуэ Аслъэн лъэныкъуэ куэдкIэ зэчий и зэрыбгъэлъар.

И цIыху щыкIэкIэ кьапщтэмэ, ныбжьыгъуэм пщIэшхуэ хуищIт, цIыхухэм сыт щыгъуи защIигъэкъуэну кьэзыт. Зэи щыгъупщэнутэкъым махуэшхуэхэм къохъуэхуну. Аслъэн уемыпсэлъэн, ныбжьыгъуэгъэ думыIыгъэ пхуэзфIэкIынутэкъым. Апхуэдэ цIыхууи дигу кьинэжащ.

ХРЕННИКОВ Тихон,
СССР-м и цIыхубэ артист, СССР- м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Лениным, Сталиным я цIэкIэ зезыхьэ саугъэтэхэм зыбжанэрэ я лауреат хъуа, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь.
Москва, 2000 гъэ

Срогушхуэ икIи сропагэ

Даур Аслъэн и щIэиным сыдэзыхьэхыу хэлъыр и Iэдакъэщ1экIхэр цIыхубэ макъамэу, гуакIуэу зэрыщытращ. СымыгъэщIэгъуэн слъэкIакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и симфоническэ оркестрым ахэр игъэзащIэу щызэхэсхам...

АСЛЪЭН нэIуасэ сыхуэзыщIар а оркестрым и унафэщI, и дирижёр си къуэшрац. Абыр Аслъэнрэ ильэс куэдкIэ зэпыщIауэ щытащ, фIыуэ зэрыщыкъуэр, зэгъусэуи Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я макъамэхэр, лъэпкъ классикэ макъамэхэр кьагъэщIырт. Сыт щыгъуи сфIэтелъыдэжат абы хэлъ зэчий мыкIуэщIыр, акъылыр, и Iэщ1агъэм щIэныгъэу хуиIэр.

Аслъэн оркестрым папщIэ итха и Iэдакъэщ1экI зыбжанэ ебгъэпщэфынущ Бетховен, Бах сымэ, совет, урысей композитор цIэрыIуэхэм я макъамэхэм. Кьапщтэмэ, абыхэм ящыщ куэдым Аслъэн и зэчийм гу лъатэри, я унагъуэхэми ирагъэблагъэу щытащ. Зэкъым зэрызэхэсхар музыкэ гъуэзджэм епха цIыху цIэрыIуэхэм Аслъэн и творчествэм, и зэфIэкIым хуэгъэзауэ псалъэ гуапэхэр жаIэу. Сэри сыт щыгъуи ахэр ядэсIыгъат. Сригушхуэр дунейпсо лъагаIпIэм нэс композитор цIэрыIуэ адыгэм зэрыдиIэм.

Аслъэнрэ сэрэ дыщызэIуащIкIэ, си щхьэр цIыкIуу слъагъуэкIрт, адыгэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм я макъамэ щэнхабзэр Аслъэн хуэдэу сэ дунейпсо утыкум щызгъэлъэгъуэфырт зэкъыми.

Си фIэщ мэхъу томитI хъуэ къыдэкIа Аслъэн и Iэдакъэщ1экIхэр дунейпсо концерт программэхэм хагъэхьэу зэрыщIадзэнур. Апхуэдэ щIыхьэр хуэфащэщ ди къуэшым. Сэри Лондон оркестрым и концерт программэм хэзгъэхьащ Аслъэн и адыгэ макъамэхэр икIи Инджылызым и къалащхьэм щыпсэу, макъамэр зыфIэфIхэм хуабжьу ягу ирихьащ, иIэтащ а лэжьыгъэхэр. ДяпэкIи си гугъэщ Аслъэн и Iэдакъэщ1экIхэм ящыщ къэсщтэну. Сыхуейщ нэгъуэщI къэралхэм я оркестрхэм я программэхэми абы и Iэдакъэщ1экIхэр жыхьэну. Ар фэеплъ хуэхъунущ композитор лъэщу дунейм тета Даур Аслъэн.

ТЕМЫРКЪАН Юрий,
дирижёр, Урысейми дуней псоми я саугъэт хуэд зыхуагъэфэща.

И вагъуэр ноби маблэ

Даур Аслъэн къыщалъхуари къыщыхъуари Къэрэшей-Шэрджэсым хьыхь Хьэбзэ адыгэ къуажэрщ. Курыт школыр фIы дыдэу къиуха нэужь, зэрысабийрэ дэзыхьэха макъамэм занщIэу зриташ. Къуажэм, щIыналъэм щыIэ самодеятельностхэм жыджэру хэтт, накъырэ епщэрт, бэрэбанэ еуэрт. Иджыри школакIуэу, Шэрджэсым и къэфакIуэ ансамблым и бэрэбанауэу, ар хэтауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс щиплI зэрырикъум и щIыхькIэ 1957 гъэм Москва щрагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэм. «Мис абдеж сэ къыщыдгурыIуат макъамэншэу сызэрымыпсэуфынур икIи быдэу сигу ислъхьат ар Iэщ1агъэ сщIыну», - иужькIэ мызэмытIэу игу къигъэкIыжырт Аслъэн.

ДАУРЫМ ищIа мурадыр пасэу къехъулIащ. Ставрополь кьалэм дэт музыкэ училищым и дирижёр къудамэм щIэныгъэ щызрегъэгъуэт (абы щыгъуэ Черкесск кьалэм апхуэдэ еджапIэ дэтакъым), иужькIэ Москва кьыщцэхь консерваторэм и композитор къудамэри аспирантурэри.

Зэчиишхуэ бгъэдэлъу Тхьэм къигъэщIат Аслъэн. Абы и щIыхьэтщ курыт еджапIэм къыщыщIэдзауэ аспирантурэм щыщIэкIыжу диплом плъыжькIэ кьызэриухар. Консерваторэм и ещанэ курсым щеджэу, композитор цIэрыIуэ Свиридов Георгий Даурым зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъым гу лъитэри, абы и жэрдэмкIэ Урысейм и Композиторхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ. Апхуэдэу кьыщыхъур закъуэтIакъуэхэт.

Консерваторэр кьиухыу къигъэзэжа нэужь, Аслъэн Черкесск кьалэм дэт Музыкэ училищым и унафэщIу икIи и егъэджакIуэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Иджыпсту а еджапIэм Даурым и цIэр зэрекъэ. Аслъэн дэнэ щIыпIэ щымыIами щымыIэжьами гукIи псэкIи Къэбэрдей щыналъэм кьыхуэгъэзат: щIэх-щIэхыурэ кьакIуэрт, радиом и хорымрэ уэрэджьакIуэхэмрэ папщIэ итхахэр кьихьырт, театрми филармониеми я артистхэм ядэлажьэрт, симфоние оркестром папщIэ и Iэдакъэм кьыщIэкIахэр кьаритырт. ЖыпIэнурамэ, зэкъуэш республикэхэр зыщIигъэхьэрт.

Аслъэн дэтхэнэ лъэпкъми и макъамэ «фащэр» зыхуэдэм фIыуэ щыгъуазэ, абыхэм хуэIэзэ, щIэныгъэ зиIэ композиторт. Абы пщIэшхуэ зэриIам, дзыхь кьрагъэзу зэрыщытам и щыхьэтщ Ставрополь крайми Къэрэшей-Шэрджэсми я Композиторхэм я зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэу зэрыщытар, ди республикэм и Композиторхэм я союзми зэрыхэтар. Даурым и Iэдакъэщ1экIхэм мыхьэнэуэ яIэр кьагъэлъагъуэ абы кьыхуагъэфэща саугъэтхэм, цIэ лъапIэхэм: ар Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреатщ, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Абхъазым щIыхь зиIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артистщ.

Композиторым и къалэмым кьыщIэкIащ жанркIэ зэтемыхуэ макъамэ зэмылIэужьыгъуэ куэд. Абыхэм яхэтщ симфоническэ, камернэ макъамэхэр, хорымрэ оркестрымрэ папщIэ итха ораториехэр, макъамэ Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэм папщIэ итхахэр, сабий уэрэдхэр. Аслъэн псоми хуэIэижьт. Сэ сымыкомпозиторми, зыгуэр итхамэ, сригъэдалуэрт, кьызэчэнджэщырт, зыгуэрым гу лъезгъэтэжамэ, кьысхуэарэзыуэ ар псынщIэу зэригъэззэхуэжырт. Си щхьэкIэ нобэми срогушхуэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа апхуэдэ цIыху щыпкъэр сызэрилэжьыгъуам. ЗэныбжьэгъуфIу, дыззэригъэпэжу, си унагъуэм кьиухьу, я дежи сыкIуэу, и Iыхьлыхэри фIыуэ сцIыхуу, шыгъу-пIастэ зэдэтшхуэ дунейм тетыху дыкьызэдэгъуэгурыкIуащ Аслъэнрэ сэрэ.

ЦIыху емызэшыжт ар. Псоми зэман кьахуигъэтырт, ядалажьэрт, жэщри махуэри и зэхуэдэми ярейт. Къэбэрдей-Балъкъэрми ди гъунэгъу республикэхэми я профессиональнэ уэрэджьакIуэхэм Аслъэн и уэрэд зымыгъэзащIэ яхэткъым жыпIэкIэ, ущыуэнукъым. Даурым итха уэрэдхэр щэбжьгъэ хъуми, цIыхубэм занщIэу имыпхъуэта иIэкъым.

Аслъэн кьызыхуигъэщIар музыкэрт, ауэ абы и закъуэтэкъым композиторым зызрипщытыр. Ар хуэхамэтэкъым журналистикэми. Ди республикэм кьыщыдэкI газетхэм адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щIэх-щIэхыурэ и тхыгъэхэр кьытехуэрт, Москва кьыщыдэкI журнал зэмылIэужьыгъуэхэми и Iэдакъэщ1экIхэр къытрадзэрт. КьыщынэмыщIауэ, ди Iэпкъ телевидениэми радиоми нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр щригъэкIуэкIырт. Апхуэдэу ар икIи профессиональнэ пианистт. Репетицэ щригъэкIуэкIкIэ концертмейстер, аккомпаниатор жыхуэтIэхэм лъыхъуэртэкъым - а къалэнри езым зэфIигъэкIырт. А псом кьыдэкIуэуи кьызэгъэпэщакIуэ Iэзэт, дэни нэсырт, псори зэпищIэрт. Шэрджэсми ди республикэми я радиохэм я хорхэр зэщIигъэуIуэфырт, зэгъусэу концертхэр щыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щаригъэтырт. ФIыщIэ мыуэхьэ хуэфащэц апхуэдэ цIыхум.

КЪАРДЭН Хьэсэн,
Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и архивым и редактору лэжьа.

И кIэм нэсу иджыри зыми къыгурыIуакъым

Хэт сэркIэ Даур Аслъэныр? Ар ди зэманым псэуа, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа композиторщ. Ялъ дыдэ мы щIалэм и гугъу кьысхуэзыщIар си ныбжьэгъу пэж, Къэрэшей-Шэрджэс школ-интернатым и унафэщI, мызэ-мытIэу зи деж сыщыхьэщIа, Урысейм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Лэтокъуэ Гуащэнагъуэ Дэлу и пхъурт.

АБы ГУФIЭГЪУЭМ зэщIиIэтэу кьысхуитхат Къэрэшей-Шэрджэсым профессиональнэ композитор яIэ зэрыхъуар, Чайковскэм и цIэр зезыхьэ консерваторэм и факультетитI къэзыуха Даур Аслъэн щалъхуа хэгъуэгум щылэжьэну зэригъэзэжар. Сэ сехъуэхъуащ езыми областми апхуэдэ IуэхугъуэфIымкIэ. Ар 1970 гъэм и щыщхьэуIу мазэт.

Даурым гуэр дэкIауэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэ я махуэхэр Москва щекIуэкIын хуейуэ, си ныбжьэгъум аргуэру кьысхуэтх:

«Александрэ Николаевич! Ди композитор ныбжьыщIэр Москва нэкIуэну лIыкIуэхэм яхэтщ. Гугъуехьу умылъытэнумэ, Даурыр къэгъуэти, фэ фхуэдэхэм яхэшэ, абыкIэ сынолъэIу. Мы тхыгъэр езым нестын си гугъати, сИихакъым. МэукIытэ...»

Си ныбжьэгъур кьызэрызэлъэIуар згъэзэщIащ. Аслъэн къэзгъуэтщ, зэзгъэцIыхури, и Iэдакъэщ1экIхэми зыщызгъэгъуэзащ, Москва щекIуэкI концертхэм зэрысхуэзэдIэкIыу хэзгъэхьащ.

АтIэ, а махуэхэм щыгъуэ москвадэхэм кьацIыхуащ композиторыщIэ Даур Аслъэн. Абы ныжькIэ, дунейм екьыжьхункIэ, Аслъэн ди унагъуэм и ныбжьэгъу пэжу щытащ. Си щхьэгъусэ усакIуэ-уэрэдыз Добронравов Николай сщIыгъуу зэкъым Къэрэшей-Шэрджэсым дыдэрыщыIар. Николай Черкесск кьалэм теухуа усэ щитхым, Аслъэн абы макъамэ дахащэ щIилъхьащ. ЦIыху гуапэу, сыт щыгъуи нэфIэгуфIэу дунейм тета, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа Даур Аслъэн и фэеплъу а уэрэдыр кьэнащ.

КIуэ пэтми, Аслъэн и зэчийм зиужьырт, абы и Iэдакъэщ1экI телъыджэхэр ягъэзащIэрт артист, оркестр цIэрыIуэхэм. Плъагъуу композитор зэчийфIэм и Iэщ1агъэм хигъахъуэрт. Черкесск сыщыкIуэкIэ, ар дэркIэ махуэшхуэ хъурт - еджапIэхэм зэщIыгъуу концертхэр щыттырт...

Аслъэн и уэрэдым, макъамэ кьиитэщIахэм куэд ятегъхьыащ, ятегъэлъыхьащ. Ауэ дапщэ жамыIами, абы щIэдэIур кьызыхуигъэуш гупсысэхэр и кIэм нэсу иджыри къагурыIуэркъым, апхуэдизкIэ ахэр куущи. Аслъэн и макъамэр гуакIуэщ, розэ удэ гъэгъа дахэм хуэдэу мэ IэфIкIэ гъэщIащ, гу хуабагъ яхэлъщ, цIыхур фIым хуэзыунэтIщ.

ПАХМУТОВЭ Александрэ,
СССР-м и цIыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь.

КъызыхэкIам яхуищIэр къызыгурымыIуаи щыIащ

Ставрополь мэкъумэш институтым сыщеджэну сыщыкIуам, а къалэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм, техникумхэмрэ училищэхэмрэ Хьэбзэ къуажэм щыщу ныбжьыщIэ 40-м щигъу щеджэрт. Арат кьафэмрэ уэрэдымкIэ студенческэ лъэпкъ ансамбль къызэдгъэпэщыну дыщыпэрыувар. Дигу кьихьар дгъэзэщIэжащ...

АБы ЩЫГЪУЭМ мэкъумэш институтым деж апхуэдэ ансамбль щыIэхэт, Уэзрокъуэхэ Хьэмидрэ Рэмэзанрэ, Быж Мусэ сымэ кьызэрагъэпэщри, «Шэрджэс ансамбль» жаIэу фIащыжкауэ.

Зэман кIэщIкIэ ди студенческэ ансамблыр щыналъэм щIэрыIуэ щыхъуащ. Абы хэтт Ставрополь а зэманым щеджэ, лъэпкъ куэдым къахэкIа ныбжьыщIэхэр.

Макъамэ и лъэныкъуэкIэ ансамблым и псэр Даур Аслъэнт, лъэпкъ кьафэхэр Уэзрокъуэ Хьэмидрэ Чыржын Кочубейрэ ягъэувырт (тIури къэфакIуэ емынэт), сэ аккордеоным сеуэрт, алыдж щIалэм и лъэпкъ Iэмэпсымэр - лирэр - игъэшэрыуэрт. Аслъэн езым игъэщIэрэщIэжа цIыхубэ макъамэхэр, уэрэдхэр дигъащIэрт...

Дзэ кьулыкъум сыкъыщикIыжьым, «Къурухэр мэлъэтэж» лирическэ уэрэд хьэлэмэтыщIэр, адыгэбзэкIэ си егъэджакIуэ Хьэкъун Исуф зэридзэкIауэ, сIыгъыу сыкъэкIуэжащ. Ар занщIэу Аслъэни си ныбжьэгъухэми ягу ирихьащ. А зэманым Аслъэн езыр-езыру зритауэ профессиональнэу адыгэ цIыхубэ уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ елэжьырт, зэригъэзэхуэжырт. Сыт хуэдэ и Iэдакъэщ1экIри кьулейт, гъэщIегъуэнт, дахащэт, удэзыхьэхт. КъызэрыкIуэ макъамэ цIыкIуу щытым «полифоническэ щыгъын» щитIэгъэн Аслъэн хуэзфIэкIырт, абы щыгъуэми макъамэм нэхъыщхьэу хэлъыр къыхинэнут.

Ставрополь кьалэм дэт Музыкэ училищым Аслъэн и макъамэ пшыхьэр куэдрэ щекIуэкIырт. Дэри абы Iэмал имыIэу дыхэтт.

1960 гъэм и дыгъэзаэ маззу ди ансамблыр Хьэбзэ къуажэм къакIуэри, сыхьэтитIым щIигъукIэ ди хэкуэгъуэхэм, концерт едгъэлъэгъуауэ щытащ. Хуабжьу дIэтащ. А лъэхъэнэм техуэу «Iэдиихуэ» ансамблими зиужьащ. Ар ижькIэ цIыхубэ ансамбль хъуа, Кавказым къащымынэу, Урысейми хамэ къэралхэми щыцIэрыIуэ гупым ягъэзащIэр Даурхэ Аслъэнрэ Рэмэзанрэ, Сидакъ СулътIан, къэбэрдей, шэрджэс, адыгей, абазэ усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэрат... «Iэдиихуэ» зэхэзышхэм, абы зезыгъэузэщIахэм ящыщу Даур Аслъэн. КонсерваториемкIэ щыщеджэми, абы ансамблыр Iэщ1ыб ищIакъым. 1960 гъэхэм «Инжьдж» фIэщыгъэр зиIэ бзылъхугъэ гуп къызэригъэпэщри, Аслъэн абы хэтхэм яхуитхыжауэ щытащ а фIэщыгъэ дыдэр иIэу зы лэжьыгъэ дахэ.

Сэ Аслъэн си Iыхьлыт (си анэр Даурхэ ярэхьащ) икIи си акъылэгъут, лэжьыгъэкIэ дызэпыщIат. «Iэдиихуэ» ансамблым папщIэ уэрэд куэд зэдэтхащ. Сэ жыслIэжурэ, макъамэ Iэмэпсымэм къизгъэкIыуэ, Аслъэн цIыхубэ макъамэ 100-м щигъу итхыжащ. Емышу абыхэм елэжьырт, игъэщIэрацIэрт, и Iэдакъэщ1экI инхэм деж ахэр кьыщигъэсэбэпырт. Ауэ Аслъэн сыт щыгъуи хуэсакъырт лъэпкъыр зыгъэщцыпкъэ щытыкIэхэр макъамэм деж щимыгъэкIуэдыным. Пэжщ, Аслъэн лъэпкъым хуищIэр кьагурымыIуэу куэдым абы и макъамэхэр ягъэпудырт. Ар Аслъэн хуабжьу гукъеуэ щыхъурт...

Ауэ сыт щыгъуи згъэщIагъуэрт Аслъэн емызэщIыжу зэрылажьэр. ПэсэукункIи араш зэрыщытари. Зы махуи зыгъэпсэхугъуэ иIакъым.

Даур Аслъэн и гъащIэмрэ и Iэхуфlхэмрэ ятеухуауэ куэд ятхащ икIи жаIащ. Ауэ си фIэщ мэхъукъыщIэхъуэжьам Аслъэн и макъамэхэр ягъэпудырт. Ар Аслъэн хуабжьу гукъеуэ щыхъурт...

ШЭРДЖЭС Алий,
КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт.

Композитор цIэрыIуэхэм гукъыдэж яIэщ. Кьардэн Хьэсэнрэ Даур Аслъэнрэ. *1982 гъэ*

И лэжьэгъуэр Аслъэн и чэнджэщ хуэныкъуэщ. *1978 гъэ*

Партитурэр зэпкърах. *1992 гъэ*

Гъуазджэм и лэжьакIуэхэр: Молэ Владимир, Гъэсашэ Наталье, Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр, Даур Аслъэн, Байчекуев Абдин. *1991 гъэ*

Аслъэн. *1994 гъэ*

Іэзэгъуэ, си гъащІэри уэрэдри сухащ

композитор цІэрыІуэ Даур Аслъэн къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу

Бгырыс макъамэхэр

Даур Аслъэн и творческэ гъуэгуанэм уигу къегъэкІ Кавказ Ищхъэрэм профессиональнэ макъамэ щэнхабзэм япэ лъэбакъуэхэр щыгъэчахэр, псалъэм папщІэ, Гасанов Готфрид, Дагиров Наби (Дагъыстэн), Кокойты Тэтэрхъан, Плиев Христофор (Осетие), Балэ Мухьэдин, Къардэн Хьэсэн сымэ. Даурыр композитор, егъэджакІуэ, дирижёр, публицист, Іэрыгуатэдж, жылагъуэ лэжьакІуэ гъуэгэджэу щытащ.

АСЛЪЭН и япэ уэрэдхэр, духовой оркестрым папщІэ маршхэр, Іэщхьэмахуэ теухуа фантазиер, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэри щыхэт гъэхъат гъэхъат зыгъэгъэхуэ щыгъуэ, Іэщхьэмахуэ теухуа фантазиер, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэри щыхэт гъэхъат гъэхъат зыгъэгъэхуэ щыгъуэ, «Пять горских песен» циклым. Ар хасъхьауэ щытащ Москва и къэрал хорым иГъэзащІэхэм икІи композитор нЫжьыщІэхэм я союзпсо зэхьэзэхуэм Аслъэн ещанэ увыпІэр къыщыхуагъэфэщат.

Зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым и унафэщІуэ щыта Свиридов Георгий куэдым ящытхъу хабзэтэкъым, ауэ жиІат Даур Аслъэн и уэрэдхэр зэрыхабзэр, уэрэзыІэпашэр. Ар, дауи, тхэн щІэзыдзагъащІэм дежкІэ гуапэт икІи пщІэшхуэт.

1970 - 1980 гъэхэр Даурым и творчествэм и фІыпІэщ. А зэманым абы итхащ адыгэ макъамэ щэнхабзэм и зы Іыхьэфі хъуарэр. Абыхэм ящыщы Къэбэрдей-Балъкъэрым и филармонием и симфоние оркестрым и репертуарыр зыгъэбей «Адыгэхэр» япэ симфониер, «Горский концерт для фортепиано с оркестром», «Горские симфонические танцы» зыфІищахэр, виолончелымрэ оркестрым папщІэ концертыр, флейтэм щхьэкІэ сонатэр, нэгъуэщІхэри.

Даур Аслъэн адыгэ лъэпкъым и композитор-уэрэдус нэхъыфІхэм ящыщ. Абы и «Адыгэ нэмыс», «Саратинэ», «Увези меня при луне», «Когда узнаешь» щытащ. Ар ЩІэныгъэм и Щ1ыгъуэ ЩІэныгъэм и Щ1ыгъуэ Аслъэн и Щ1ыгъуэ Аслъэн и Щ1ыгъуэ Аслъэн

Сабий къалъуагъащIэхэр зыпхуемыгъэсэн щыIэкъым

Ибукэ Масару 1908 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Токио километрищкIэ пIэщIэ Никко къалэм къыщалъхуащ. Электростанцым инженеру щылажьэ абы и адэм машинэ къыжьэхэуэу, щIалэ цIыкIур зеиншэ щыхъуам, илъэситI фIэкIа и ныбжьитхъым. Масару и анэм щIалэ цIыкIур и гуащэ-тхьэмадэм къахуигъанэри езым унагъэщIэ иухуэжат. Адэшхуэ-анэшхуэм лъэпкъ хабзэхэм щIапIыкIа сабийм зэрыщIыкIурэ фIэхьалэмэтт Iэмэпсымэхэр зэрызэпкърылъ щIыкIэр.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Масару Вэсэдэ университетым и электротехническэ факультетым щIотIысхьэри фIы дыдэу щоджа, къыдеджэхэм «гениЙ Iэщ!агъэIп!» къыфIащауэ. 1933 гъэм университетыр къэзыух ныбжьыщIэм и диплом лэжьыгъэм Париж щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм саугъэт къыщихьауэ щытащ. 1933 - 1936 гъэхэм Масару щылэжьащ сурэтымрэ макъымрэ зытIэмэпсымэхэм щелэжь фотохимическэ Iэхэчущ!апIэм. 1946 гъэм Ибукэ зергъэщIыкуэ япон физик цIэрыIуэ Моритэ Акио. Абыхэм яку къыдэхъуа зэныбжьэгъугъэм и Iэужьыщ зэман дэкIа нэужь «Sony» фIэщыгъэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа фирмэр. Магнитофонхэр, япэ дыдэу дунейм къытехьа сурэттех лIэужьыгъэщIэхэр, CD-Iэмэпсымэхэр, ноутбукхэр, макъым зэредаIуэ тхьэкIумэIулъхьэхэр, дискхэр, кIэщIу

жьпIэмэ, ди нобэрей гъащIэм хэмыту къызыфIэдмыгъэщIыф нэгъуэщI Iэмэпсымэ куэди къыщIигъэкIыт а фирмэ лъэрызехьэм. Ибукэщ зыунэтIар Iуэхуцапlэр зытемыкIыну гъэугр: «Дэ хабзэншагъкIэ зэи мылъку хьэрэм зэтхьэлIэнукъым. Цыхуэхэм я сэбэп къызэрыкIын Iэмэпсымэхэм ди къару къызэрихькIэ делэжьынущ. КъыщIэдгъэкI Iэмэпсымэхэр механическэрэ электроннэкIэ дымыгъэшу, ди щIэныгъэр зэуэ лъэныкъуитIми къызэрыщысэбэпынум дыхущIэкъунущ. Къыддэлажьэ Iуэхущ!апIэхэр я щхьэ хуитыжу, ди зэпыщIэныгъэхэр едгъэфIакIуэ зэпыту щытынущ. Ди лэжьакIуэхэр я Iэзагъымрэ хьэл-щэнымрэ елъытауэщ къызэрытщтэнур. Ди лэжьапIэм мыхьэнэ зимыIэ Iэнатlэ хэтынукъым. Ди лэжьакIуэхэм яхуэзэфIэкIым къыпэкIуэу ахъшэ саугъэтхэр яхуэтщIынущ, ди къаруи деблэжьнукъым абыхэм я псэукIэр едгъэфIэкIуэн папщIэ».

«Илъэсищ ирикъуамэ - гуваш» тхылъыр Ибукэ сабий цIыкIу дыдэхэм я гъэсэныгъэм триуиха тхылъщ. ТхакIуэм къызэрыхигъэщымкIэ, аз езым и гуныкъуэгъуэр щхьэусыгъуэ зыхуэхъуа лъэныкъэщ: Масару и щIалэ нэхъыжьым и узынщагъэр иригъэфIэкIуэн папщIэ, гъэсэныгъэ Iуэхуэхэм куууэ хэт, дунейм щыщIэрыIуэ япон шыкIэпшынаэ (скрипач) Сузуки Шиничи чэнджэщэгъу ищIат. Абы ижь къызэрыщIихуар и лъабжьэщ Ибукэ «Зэчиифlэхэр щагъасэ» школ къызэрызэIуихами «Сабийм пасэу зыщагъэужь зэгухьэныгъэ» Японием къызэрыщызэригъэпэщами.

Зы щIалэрэ хъыджэбзитIрэ иIэу, илъэс пщIейрэ ебгъуанэм иту Ибукэ Масару 1997 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Токио дэт и унэм дунейм щехьажащ. Нобэ тщIэдзэ нэхъ пасэу зи гугъу фхуэтщIа «Илъэсищ ирикъуамэ - гуваш» тхылъым щыщ Iыхьэхэр.

ИБУКЭ Масару

Илъэсищ ирикъуамэ - гуваш

ЦIыкIуэр сабий садым гъэсэн щыщIэбдзэныр кIасэIуэщ

Хэти ищIэж къыщIэкIынщ школым щыщIэсым щыгъуэ, я классым псоми япэ ищынэр зыкIи къызытемыхьэлъэ, адрейхэм къахэжаныкI еджакIуэ зэрыщIэсар. Апхуэдэ дыдэу гупым яхэст сыт хуэдизу емыIэми, «емыджэфхэм» къахэмыкIыф еджакIуи.

Сэ школым сыщыщIэса зэманым егъэджакIуэхэм дызэрытрагъэгушхуэ хабзэу щытар мы псалъэхэмкIэщ: «Губзыгъагъри акъылишагъри цIыхум къыдалъхурэм, псори зэлъытар уэ узэрызэIэлIэжырщ». ИтIани си нэгу щIэкIым Iупщ!у къигъэлъагъуэрт «отличник»-р сыт щыгъуи зэрыотличникыр, «емыджэфыр» сыт щыгъуи зэремыджэфыр. Акъылым и Iуэхум ухэмыIэбэфынкъ кьысфIэщIырт. Дауэт гу зэрылъымытэнур апхуэдэ зэщхьэщыкIынигъэшхуэм?!

Иджы сызыхуэкIуа гупсысэраш: цIыхум бгъэдэлъ Iэзагъри хьэл-щэнри узыхэмыIэбэфыну щыткъым, абыхэм я нэхъыбэр ныбжь гуэрым диту зыхьыдолъхьэ. Куэд щIэуэ зодауэ: цIыхум псори къыдалъхурэ, хьэмэрэ бгъэдэлъ хьэлымрэ щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэм е егъэджэныгъэм елъыта? Нобэр къыздэсым а зэдауэхэм жэуап пыуухыкIа езытыфынт теорие нэгъэса щыIэкъым. Щхьэ куцIым и лэжьэкIэм теухуа къэхутэныгъэхэмрэ сабийм дэлпIагъымрэ уи фIэщ ящI акъылым пасэу зебгъэуэжьыным и щэхур щхьэ куцI налъэхэм уэру зыщIажь япэрей илъэсищым зэрыщIэгъэпщкIуар. «Гений хьэзыруи» «акъылышэ дыдэуи» зы сабий къалъхуркъым. Псори зэлъытар япэрей илъэсхэм щхьэ куцIыр зэрагъэлажьэ щIыкIэрщ. Абы хиубыдэр сабийр дунейм къыщытехьам щегъэжьауэ япэрей илъэсищырщ. Гъэсэныгъэр сабий садым щыщIэбдзэну кIасэIуэщ.

Дэтхэнэ сабийри фIыуэ еджэфынущ, псори зэлъытар зэрырагъаджэ Iэмалырщ

Тхыльеджэм фIэгъэщIэгъуэныкIи хъунщ сэ - инженерым, Iуэхущ!апIэ абрагъуэм и президентым, цIыхур пасэу гъэсэн щIэдзэн зэрыхуейм и Iуэху зесхуэн щIыщ!зздза щхьэусыгъуэхэр. Абыхэм я зы Iыхьэр цIыхубэм епхащ: сэ къысфIамыIуэхуу щыткъым щIалэгъуалэм къигъэхъу Iэуэльауэрэ. СызоупщIыж: сыт хуэдизкIэ нобэрей егъэджэныгъэр хуэунш а щIалэхэр гъащIэм зэрыхуэмыарэзымкIэ? Си щхьэкIи щхьэусыгъуэ схуэхъуа гукъеуэ сиIэщ: си сабийр акъылкIэ и ныбжьхэм ялъэщIыхьэртэкъым.

Си къуэр цIыкIуху, пэжу ебгъаджэу щытми, абы адрейхэм хуэдэ цIыху еджа къыхэкIыну си фIэщ хъуртэкъым. Си нэр къэзыгъэплъэжар Сузуки Шиничи профессорырщ. Абы жеIэ: «Сабий къыкIэрыхуа щIыпкъым - псори зэлъытар зэрырагъаджэ Iэмалырщ».

Сузуки «Зэчиифlэхэр зэрагъасэ» зыфIища Iэмалым и фIыгъэкIэ къехъулIаэр, цIыкIунитIэхэр щыкIэпшынэ (скрипкэ) зэрырагъуэуэр япэу щыслъагъуи, адэм и пщэрыльым ипкъ иткIэ, си сабийр и чэзум бгъэдэслъхьапхъэм зэрыхэзгъэкIыжам сыхуущIегъуэжат.

Япэ дыдэ студент ныбжьыщIэхэм къаугъэхъей зэрызехьэхэм я щхьэусыгъуэр зэхэзгъэкIыну сыщIыхуежьэм, си фIэщу егъэджэныгъэм и мыхьэнэм сегупсысуэ: зыгурыгъэIуэну сыкъэтащ, ди зэхэтыкIэм апхуэдизу игъуэджэрэ мыарэзыныгъэрэ къыхэзыхьэр. ЯпэщIыкIэ сигу къэкIащ игъуэджэр университетым ирит щIэныгъэм къыхэкIыу. Арщхьэкlэ нэхъ кууэ сихэгъуэззэху, гу лъыстащ ардыдэм курыт еджапIэми уэрыщ!ыхуэззэм. ИтIанэ пэщIэдзэ школми сеплъащ. ИкIэм сызыгуэращ: сабий садым кIуэн щIэздза сабийр бгъэсэжьну ухуежьэмэ, укъэкIэрыхуэу аращ. Зэрымыщ!экIэ а си гупсысэр профессор Сузукирэ абы и лэжьэгъуэхэмрэ зэрахуэ Iуэхум епхауэ къыщIэкIащ.

Сузуки и метод гъуэзэджэр илъэс щэщI хъуауэ къегъэсэбэп. ИпэкIэ абы кьекIуэкI хабзэ егъэджэныгъэ Iэмалхэмкlэ пэщIэдзэ классхэмра еджакIуэ нэхъыжьхэмрэ иригъаджэу щытащ. Профессорым гу лъитащ еджакIуэ нэхъыжьхэм я деж еджэфхэмрэ емыджэфхэмрэ егъэлеяуэ зэрыщIэзыщIэщIыкIыр. Арати, абы япэщIыкIэ мурад ещI сабий нэхъыщIэхэр иригъаджэн щIидзэну, итIанэ - нэхъ цIыкIухэр. Профессорыр хуэм-хуэмурэ хуэкIуащ нэхъыщIэ дыдэхэр иригъаджэным. Сузуки сабийхэр щыкIэпшынэ еуэкIэ щIригъаСэ езыр щыкIэпшынауэти арат. А Iэмалыр егъэджэныгъэм и къудамэ псоми къыщыбгъэсэбэп зэрыхъунур къыщызгурыIуэм, сэри «сабийхэр пасэу егъэджэн» Iэмалым нэхъ кууэ селэжьын щIэздзащ.

«Сабийхэр пасэу егъэджэн» Iэмалым абыхэм цIыхушхуэ къахищIыкIын мурад иIэкъым

Цыхуэхэр куэдрэ къызоупщI: сабийм пасэу зебгъэжьымэ, абы «гений» къыхэкIыну? Жэуап язт: «Хьэуэ!» Акъыл куэрэ Iэпкъльэпкъ узынщэрэ къеЗытын щэныгъэ хьупщIэу, цIыхуфIрэ акъылыдрIэу къэбгъэхъун щхьэкIащ сабийм пасэу зегъэужьын щIыхуейр.

ЦIыху къэс къыдалъхуауэ IэпкъльэпкъкIэ щыщIэныгъэ имыIэмэ, нэхъыбэр зэхуэдэщ. ИужькIэ сабийхэр делэрэ губзыгъэу, ердыхарэ бзаджэу щыщIэхадзыжьмкIэ щыанШэр гъэсэныгъэращ. Дэтхэнэ зы сабийми и чэзум хуэфащэ гулъытэ, щIэныгъэ игъэтмэ, абы цIыху Iущ, зэпIэзэрыт къыхэкIынущ.

Сэ сызэрелъымкIэ, цIыкIунитIэм пасэу зегъэужьын щIидзэн щIыхуейр сабий насыпыншэ щымыIэн папщIэщ. Ар макъамэ дахэ щIрагъэдалъэр, хьэмэ щыкIэпшынэ щIрагъауэр абы макъамэтх гъуэзэджэ къыхащIыкIын папщIэкъым. Хамэбзэ щIрагъащIэр ар бзэ щIэныгъэлI ящIын щхьэкIэкъым, уеблэмэ «садикыфIым» кърагъащIэн мурадкIэкъым. Мыхьэнэ зиIэр сабийм къыдалъхуа, гъунэ зимыIэ Iэзагъ зэмылIэужьыгъуэхэм гъэугу етыныращ, нэрыбгэ цIыкIум и гъащIэми езы дунейми гуфIэгъуэр нэхъ щыбгэгъуэн хуэдэу.

Адэр сабийхэм нэхъыбэрэ ядэуэрщэрын хуейщ

Балигъ дыхъуа нэужь, куэдрэ гу лъыдотэ ди бынмэ махуэшхуэ гуэр я нэгу къыщIыхьэжьм ещхьу, «папэ и гъусэу» ирахьэкIа сыхьэт IэрIхэр ягу къыззрагъэкIыжьым. Унагъуэм апхуэдэ куэдрэ къыщIэхъурхъэми аращ абы и щхьэусыгъуэр. Си къуэ нэхъыжьым нобэми ещIэж зэгъуэгу тщIа псори: псалъэм папщIэ, зэгуэр хъуафэжьейкIэ хьм дыззэрытеар, дыкъыщыкIуэжьм джэш плъэжь зэрытшхар... Сэ сыщIэжьыхэркъым ар, къыщыхъуар илъэс щэщI ипэкIэщи.

Хабзэ хъуауэ, адэм унагъуэм «мыдэн» Iэнатlэр щрехьэкI. Ар псори зытетыпхъэм зэрытетыным кIэлъоплъ, махуэкъэс гъащIэм зэрыхэIэбэр зэзэмызэхэщ. Сабийм и адэр зи чэзу щхьдэгъуэр къыщысым деж фIэкIа имылъагъуэ, ар абы хамэу, зыгуэр къыщыхъуам деж къраджэ дохутыным ещхьу къыфIэщIынущ. Хамэгъахамащхьу къэхъу сабий зыщыгъуэсрейм адэр фIыуэ илъагъуу къыщыщIэкIыр закъуэтIакъуэхэщ. Адэ ткIийм игъэса сабийм «гений» къыхэкIыу цIэрыIуэ хъунри хэльщ, ауэ ар хьэлIыщэрэ еудыхьгъаофIэу цIэтэджынущ. Мыдрей лъэныкъуэкIэ уеплъми, адэр ефэреймэ, и щхьэгъуэсэм хуэпхъашэмэ, гъэсэныгъэ Iуэху зэримыхуэхэмэ, абы къыщIэхъуэ бынир дэхуэхьпуэу щэпхъаджащIэ хъункIи хъунущ. Апхуэдэхэри мащIэкъым.

Егъэджэнри гъэсэнри анэм нэхъ къытохуэ

Абы сэ къизгъэкIыркъым адэхэм гъэсэныгъэ Iуэху зэрыщIыту я щIэгъэхэм я пщэ дальхьэн хуейуэ. ЦIхьэгъуэсэм ныбжьэгъу пэжрэ дэIепыкъуэгъурэ хуэхъун - аракъэ лIым и унагъуэм ирилъхьэну зыхуей гъэсэныгъэм гъуэгу езытынур? Унэм унагъуэ зэрыхуэмыарэзымкIэ? Си щхьэкIи щхьэусыгъуэ схуэхъуа гукъеуэ сиIэщ: си сабийр акъылкIэ и ныбжьхэм ялъэщIыхьэртэкъым.

Си къуэр цIыкIуху, пэжу ебгъаджэу щытми, абы адрейхэм хуэдэ цIыху еджа къыхэкIыну си фIэщ хъуртэкъым. Си нэр къэзыгъэплъэжар Сузуки Шиничи профессорырщ. Абы жеIэ: «Сабий къыкIэрыхуа щIыпкъым - псори зэлъытар зэрырагъаджэ Iэмалырщ».

Сузуки «Зэчиифlэхэр зэрагъасэ» зыфIища Iэмалым и фIыгъэкIэ къехъулIаэр, цIыкIунитIэхэр щыкIэпшынэ (скрипкэ) зэрырагъуэуэр япэу щыслъагъуи, адэм и пщэрыльым ипкъ иткIэ, си сабийр и чэзум бгъэдэслъхьапхъэм зэрыхэзгъэкIыжам сыхуущIегъуэжат.

Япэ дыдэ студент ныбжьыщIэхэм къаугъэхъей зэрызехьэхэм я щхьэусыгъуэр зэхэзгъэкIыну сыщIыхуежьэм, си фIэщу егъэджэныгъэм и мыхьэнэм сегупсысуэ: зыгуэрыгъэIуэну сыкъэтащ, ди зэхэтыкIэм апхуэдизу игъуэджэрэ мыарэзыныгъэрэ къыхэзыхьэр. ЯпэщIыкIэ сигу къэкIащ игъуэджэр университетым ирит щIэныгъэм къыхэкIыу. Арщхьэкlэ нэхъ кууэ сихэгъуэззэху, гу лъыстащ ардыдэм курыт еджапIэми уэрыщ!ыхуэззэм. ИтIанэ пэщIэдзэ школми сеплъащ. ИкIэм сызыгуэращ: сабий садым кIуэн щIэздза сабийр бгъэсэжьну ухуежьэмэ, укъэкIэрыхуэу аращ. Зэрымыщ!экIэ а си гупсысэр профессор Сузукирэ абы и лэжьэгъуэхэмрэ зэрахуэ Iуэхум епхауэ къыщIэкIащ.

Сузуки и метод гъуэзэджэр илъэс щэщI хъуауэ къегъэсэбэп. ИпэкIэ абы кьекIуэкI хабзэ егъэджэныгъэ Iэмалхэмкlэ пэщIэдзэ классхэмра еджакIуэ нэхъыжьхэмрэ иригъаджэу щытащ. Профессорым гу лъитащ еджакIуэ нэхъыжьхэм я деж еджэфхэмрэ емыджэфхэмрэ егъэлеяуэ зэрыщIэзыщIэщIыкIыр. Арати, абы япэщIыкIэ мурад ещI сабий нэхъыщIэхэр иригъаджэн щIидзэну, итIанэ - нэхъ цIыкIухэр. Профессорыр хуэм-хуэмурэ хуэкIуащ нэхъыщIэ дыдэхэр иригъаджэным. Сузуки сабийхэр щыкIэпшынэ еуэкIэ щIригъаСэ езыр щыкIэпшынауэти арат. А Iэмалыр егъэджэныгъэм и къудамэ псоми къыщыбгъэсэбэп зэрыхъунур къыщызгурыIуэм, сэри «сабийхэр пасэу егъэджэн» Iэмалым нэхъ кууэ селэжьын щIэздзащ.

«Сабийхэр пасэу егъэджэн» Iэмалым абыхэм цIыхушхуэ къахищIыкIын мурад иIэкъым

Цыхуэхэр куэдрэ къызоупщI: сабийм пасэу зебгъэжьымэ, абы «гений» къыхэкIыну? Жэуап язт: «Хьэуэ!» Акъыл куэрэ Iэпкъльэпкъ узынщэрэ къеЗытын щэныгъэ хьупщIэу, цIыхуфIрэ акъылыдрIэу къэбгъэхъун щхьэкIащ сабийм пасэу зегъэужьын щIыхуейр.

ЦIыху къэс къыдалъхуауэ IэпкъльэпкъкIэ щыщIэныгъэ имыIэмэ, нэхъыбэр зэхуэдэщ. ИужькIэ сабийхэр делэрэ губзыгъэу, ердыхарэ бзаджэу щыщIэхадзыжьмкIэ щыанШэр гъэсэныгъэращ. Дэтхэнэ зы сабийми и чэзум хуэфащэ гулъытэ, щIэныгъэ игъэтмэ, абы цIыху Iущ, зэпIэзэрыт къыхэкIынущ.

Сэ сызэрелъымкIэ, цIыкIунитIэм пасэу зегъэужьын щIидзэн щIыхуейр сабий насыпыншэ щымыIэн папщIэщ. Ар макъамэ дахэ щIрагъэдалъэр, хьэмэ щыкIэпшынэ щIрагъауэр абы макъамэтх гъуэзэджэ къыхащIыкIын папщIэкъым. Хамэбзэ щIрагъащIэр ар бзэ щIэныгъэлI ящIын щхьэкIэкъым, уеблэмэ «садикыфIым» кърагъащIэн мурадкIэкъым. Мыхьэнэ зиIэр сабийм къыдалъхуа, гъунэ зимыIэ Iэзагъ зэмылIэужьыгъуэхэм гъэугу етыныращ, нэрыбгэ цIыкIум и гъащIэми езы дунейми гуфIэгъуэр нэхъ щыбгэгъуэн хуэдэу.

Адэр сабийхэм нэхъыбэрэ ядэуэрщэрын хуейщ

Балигъ дыхъуа нэужь, куэдрэ гу лъыдотэ ди бынмэ махуэшхуэ гуэр я нэгу къыщIыхьэжьм ещхьу, «папэ и гъусэу» ирахьэкIа сыхьэт IэрIхэр ягу къыззрагъэкIыжьым. Унагъуэм апхуэдэ куэдрэ къыщIэхъурхъэми аращ абы и щхьэусыгъуэр. Си къуэ нэхъыжьым нобэми ещIэж зэгъуэгу тщIа псори: псалъэм папщIэ, зэгуэр хъуафэжьейкIэ хьм дыззэрытеар, дыкъыщыкIуэжьм джэш плъэжь зэрытшхар... Сэ сыщIэжьыхэркъым ар, къыщыхъуар илъэс щэщI ипэкIэщи.

Хабзэ хъуауэ, адэм унагъуэм «мыдэн» Iэнатlэр щрехьэкI. Ар псори зытетыпхъэм зэрытетыным кIэлъоплъ, махуэкъэс гъащIэм зэрыхэIэбэр зэзэмызэхэщ. Сабийм и адэр зи чэзу щхьдэгъуэр къыщысым деж фIэкIа имылъагъуэ, ар абы хамэу, зыгуэр къыщыхъуам деж къраджэ дохутыным ещхьу къыфIэщIынущ. Хамэгъахамащхьу къэхъу сабий зыщыгъуэсрейм адэр фIыуэ илъагъуу къыщыщIэкIыр закъуэтIакъуэхэщ. Адэ ткIийм игъэса сабийм «гений» къыхэкIыу цIэрыIуэ хъунри хэльщ, ауэ ар хьэлIыщэрэ еудыхьгъаофIэу цIэтэджынущ. Мыдрей лъэныкъуэкIэ уеплъми, адэр ефэреймэ, и щхьэгъуэсэм хуэпхъашэмэ, гъэсэныгъэ Iуэху зэримыхуэхэмэ, абы къыщIэхъуэ бынир дэхуэхьпуэу щэпхъаджащIэ хъункIи хъунущ. Апхуэдэхэри мащIэкъым.

Егъэджэнри гъэсэнри анэм нэхъ къытохуэ

Абы сэ къизгъэкIыркъым адэхэм гъэсэныгъэ Iуэху зэрыщIыту я щIэгъэхэм я пщэ дальхьэн хуейуэ. ЦIхьэгъуэсэм ныбжьэгъу пэжрэ дэIепыкъуэгъурэ хуэхъун - аракъэ лIым и унагъуэм ирилъхьэну зыхуей гъэсэныгъэм гъуэгу езытынур? Унэм унагъуэ зэныбжьэгъу зэхуэдизкIэ зыкъуэкIыжьу, ар къыщIэхъуэ зыкъуэкIыжьу, ар къыщIэгъуэ зыкъуэкIыжьу, ар зэпыщIэныгъэхэм я щхьэусыгъуэ щытынущ. Ди лэжьакIуэхэм я щхьэ хуитыжу, ди зэпыщIэныгъэхэр едгъэфIакIуэ зэпыту щытынущ. Ди лэжьакIуэхэр я Iэзагъымрэ хьэл-щэнымрэ елъытауэщ къызэрытщтэнур. Ди лэжьакIуэхэм яхуэзэфIэкIым къыпэкIуэу ахъшэ саугъэтхэр яхуэтщIынущ, ди къаруи деблэжьнукъым абыхэм я псэукIэр едгъэфIэкIуэн папщIэ».

«Илъэсищ ирикъуамэ - гуваш» тхылъыр Ибукэ сабий цIыкIу дыдэхэм я гъэсэныгъэм триуиха тхылъщ. ТхакIуэм къызэрыхигъэщымкIэ, аз езым и гуныкъуэгъуэр щхьэусыгъуэ зыхуэхъуа къызэрыкIыжьым и Iэзагъ къызыкъуихыныр сабий куэд зэрыс, абы и фIыгъэкIэ дэтхэнэ зыми къыдалъхуа фIым тыншу зыщиужь унагъуэм нэхъ къыщыхъулIэ.

Адэшхуэ-анэшхуэхэм сабийм и зыужьыныгъэр ирагъэфIакIуэ

Куэдрэ къохъу унагъуэщIэр щхьэхуэу щыпсэум деж, адэшхуэ-анэшхуэхэр гъэсэныгъэ Iуэхуми езы унагъуэм и гъащIэми пэIэщIэу къыщынэ, къащыхэзгъэкIи ар зэранигъэ къэзышэ Iэхуэу щалъагъу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, дызэрыт лъэхъэнэм ар хабзэ щыхъуащ. Иныкъуэхэм къафIощI дадэнанэхэм сабийр ягъэфIэIуэу Iэубыдыпlэншэ ящIу.

Апхуэдэ гупсысэкIэр нэхъ зи хьэлIыр зэманым деклуу, щIэуэ къежьэр зыIэщIамыгъэкIыу къызыщыхъуж анэхэращ. Сэ соцIыху фэтэр цIыкIунитIэм щIэс унагъуэ, Iуэху ящIу я унагъуэшхуэм къахэкIауэ. Адэшхуэ-анэшхуэхэм ядэпсэумэ, я сабийхэр фIыуэ яхуэмыгъэсэну къащ!ох абыхэм.

Iэмалыншэу пIэрэ ар, унагъуэ зэшыншэ бухуэн папщIэ? Сабийхэм я гъэсэныгъэм и гугъу пщIымэ, Iуэхум узэрелпIащ. Пэжщ, Японием нобэми ущрохьэлIэ нысхэкIэм чэнджэщ ират хуэдэурэ я щхьэр щIезыгъэхьэ гуащэхэм, япэрей къэурыльхуэр ягъэудафэрэ унагъуэм ис адрей цIыхухэр къафIэмыIуэхуэхэу. Апхуэдэ пасэрей хабзэхьэри кIуэдыжакъым. ИтIанэмэ шэч хэпъкъым ныбжьитI-щы щIыззтрихьэ унагъуэхэм зыщIыпIи щумыгъуэтын фIыгъуэ зэриIым. Дадэнанэхэращ хабзэ, Iущыгъэ зэхозыгъэлъхьэфынур, ныбжь зыбжанэм я зэхущытыкIэм цIыху гумащIэ уамыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. Сабийр сэхъункIэ зэрыхъунур хокIуэдэж абы игъэтынну лъагъуэрыгъэм, таурыхъэм, хъыбархэм, гукъэкIыжхэм, гъащIэр щIэщыгъуэ зыщI нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдым къыздахьыну фIым.

Япон щIэныгъэлI Кайз Сейджи къеIуэтэж и сабийгъэм нэхъыбэ дыдэу зижь къыщIихуар адэшхуэ-анэшхуэраущ зэрыщIытыр. Кьуажэ тхьэмадэу щыт адэшхуэр апхуэдизкIэ ткIийти, зэрыпсчэу сабийм гъэм щигъэтырт. ТкIийт адэшхуэр, ауэ захуэт. ЩIэныгъэлIым и гур илъу, IэпкъльэпкъкIи къарууфIэу къэтэджащ. И гъащIэ псом цIыкIуэкIым бгъэдэса и анэшхуэр бзылъхугъэ Iэсэльасэт. Ара къыщIэкIынщ щIалэр тэмакъкIыхь, набдзэгубдзапIэ зыщIар: хадэ ипщIэмэ, зы удзыжь хадэм кIымыIэжьхуэ игу загъэртэкъым. Психолог Таго Агирэ гу лъитащ Кайз Сейджи дуней псом щIыщIэрыIуэ цIыху щэныфIэ зыщIар и плъапIэм кIымыкIуэту хуеIэф хьэл зэтет кьыззрыхьалъхьам и фIыгъэу.

Гуащэ хьэпшыпхэр куэдыIуэмэ, сабийр гулъытэншэ мэхъу

Си гугъэмкIэ, Японием сабийхэм гуащэ хьэпшып куэдыщэ щрат. Куэдрэ тыкуэнхэм гу щылъызотэ игу ирихьа джэгуалъэр къызыхуамыщэху сабийр хуэдэу къащыфIэмыIуэху, ар къыщIэгубжьар е къыщIыззфIэззрыхьар щамылъагъу куэдрэ къохъу.

Сабий психолог, Токио университетым и профессор Ямашитэ Тошио сабийр къэзыгъэгубжь щхьэусыгъуэу мыхэр кьыхигъэщхьэхуkIащ:

1) IэпкъльэпкъкIэ зыгуэр къоуз;

2) МэмэжалIэ е ешащ;

3) И гур хэзыгъэщIа е зыгъэшына гуэрым и ужькIэ гузавэм иубыдащ;

4) Зэрырикъун хуэдизкIэ Iэпкъльэпкъыр игъэхъейркъыми, кьыпкърымыкIа къарур «мэныкъуакъуэ»;

5) Зыхуейр пхигъэкIыну хэтщ;

6) Адэ-анэ тэмакъкIэщIхэм ядоплъей;

Мы къебжэкIым къегъэлъагъуэ сабийм гуэрыдзэ езыгъэщI щхьэусыгъуэхэр абы и Iэгъуэблагъэм къыщIилъыхъуэн зэрыхуейр. Къэзыгъэгубжьар зыгурымыгъэIуэну фешхыдзмэ е гу лъыбмытэхэмэ, сабийр абы нэхъри нэхъ щхьэзыфIэфI, ерыщ ищIыну къудейщ.

Адэ-анэм къафIэщIыкIи хъунущ я сабийр «къагурыIуэ», ауэ щыхъукIэ езым абыхэм ялэщIэу зильытэжу, абы и гур хигъэщIу. Адэ-анэм мыхьэнэ зиIэ хуэныкъуэныгъэр щхьэзыфIэфIагъым хамыгъэгъуащIу кьыхахащыхукIын хуейщ. Апхуэдэ ткIиягъ узынщэ здэщымыIэ унагъуэм сабийр хьэлынышэ щохъу.

ЁфырыгъэлIныгъэр сабийм илъэситI хуэдэхэм деж зыхещIэ. Абы и щхьэусыгъуэкIи къунущ къуэш е шыпхъу зэригъэтар. Псом хэзмыдэу ар дыболъагъу сабий нэхъыжьым: изакъуэку абы псори ейт. А сабийм уеблэмэ адэмрэ анэмрэ щIэзэпсалъэкIэ, зыр адрейм ирифыгъулэнкIи хъунущ. Абы кьыхэкIа гуэрыдзэр сабиягъуэ убжьныр щыуагъэщ.

КIэщIу жьпIэмэ, сабийр щхьэусыгъуэншэу къытехьэркъым. Абы зыхищIэм уемыгупсысу, уешхыди ущытхъуи хъунукъым. Адэ-анэм я къаланыр щхьэусыгъуэр ягъэкIуэдынращ, ар ирагъэгъэпщкIунракъым.

Усэ гукIэ зэгъэщIэным сабийхэр нэхъ гурыхуэ ещI

Тхъэрыкъуэр зытес къудамэм телъ уэсыр мэткIу.
ЕпIыт, джэду цIыкIур
сакъыу тоувэ
бжьыхьэ тхьэмпэ
пыщащхэм.
Сабийми къепщыхь,
мэдыхьэшх,
Нышэдибэ илъэситI
ирикъуащ ар.

Мыр «хайку» жыхуаIэ япон усэхэм ящыщщ курыт лIэщIыгъэ гъэсэным псэуа усакIуэ Кобаяси Исса итхащэ.

Сабийм къыдалъхуа Iэзагъэр щрагъэфIакIуэ ди еджапIэм гурыхуагъым зрагъэужьын папщIэ, апхуэдэ усэхэр щызрагъащIэ. Хайку усэ лIэужьыгъуэр абыкIэ къэбгъэсэбэпыну фIыщ. Ахэр, япэрауэ, кIэщIщ, зэгъэкIуащи, гум ийбыдэгъуафIэщ. КъищынэмыщIауэ, ахэр сабий усыгъэр зэрыщытыпхъэ мардэми нос: «гукIэ зрагъэщIэну къыхах усэхэм сабийр щэныфIэ ящIын хуэдэу дахэу, гурыщIэ хэIэтыкIахэр зэхыуагъащIэу, гъащIэм и кIыхьагъкIэ гум щыпхъумэну зыхуэфащэу щытын хуейщ».

ЯпэщIыкIэ сабийхэм махуэ къэс зы усэ зрагъащI. КъыкIэльыкIуэ махуэм ар зытеухуам яхутопсэлъыхьри усэщIэ зрагъэщIэну кьрат. Апхуэдэ щIыкIэр ар нэхъ гурыхуи мэхъу, игури хохьэ. ЦIыщIидза кьудейм усэр игу иريубыдэн папщIэ ар щIэнейрэ едэIуэн хуеямэ, етIуанэ, ещанэ зэгъэщIэгъуэм усэм щэ е плIэ зэредаIуэу, я гум къонэ, уеблэмэ зэ закъуэ зэхахмэ щрикъун къохъу. Сэ къызэрызжаIамкIэ, сабийм зы илъэсым Исса и усэу 170-рэ зрегъэщIэф.

Къэпщытэжныр зэгъэщIэным и лъабжьэщ. Ар шэч зыхэмылъ хабзэщ. Зы сатыр щыгъупщэжамэ, зэрыусэу игу къырегъэкIыж. Апхуэдэ щIыкIэу гурыхуэ хуэ щыпсыпсэ псо плIэ е тхуэ къыззреджэу игу ириубыдэфу мэхъу. Тхылъеджэ гуэрхэм шэч къытрахьэнкIи хъунщ мы Iэмалым сабийр гурыхуэ зэрищIым. Сэри си гугъат Исса и хайкухэр сабийхэм къагурымыIуэну. Арщхьэкlэ апхуэдэ дерсхэм я мурадыр гукIэ зрагъэщIэн кьудейкъым, цIыкIухэм дахагъэм и пщалъэхэр егъэщIыхунри, и акъылым зегъэужьынри, езым кьыдалъхуа Iэзагъэхэр къызыкIуихын гукьудэж етынри я плъапIэщ.

Сабий щхьэ куцIым усэ кIэщIу щэ е щитI хуэIыгъынущ. Ауэ гурыхуагъми, кьыумыгъэсэбэпмэ, кIэроху. Нэхъыбэрэ къэбгъэсэбэпыху, нэхъри зеужь. Сабийм и гурыхуагъым зебгъэужьину щынэхъыфIыр абы зэзджам е зэдэIуам кьытригъэзэжьну фIэфIыхуущ.

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

● Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщІэт, мэлыл, хъынкІэл хэлъу

МЫ ХЬЭНТХЪУПСЫР къызыхащІыкІыр мэлыл пшэрщ. Абы щхьэкІэ мэлылир яупщІатэ, хъынкІэлым ещхьу хуэкІыхь цІыкІуурэ, хьэлъагъыр г 15 - 20 хъуэ. Псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэри, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтІанэ мафІэр щабэ ящІ, шыгъу тІэкІу хадзэ, шыуанышхьэр трапІэри, ягъавэ зы сыхьэт - сыхьэтрэ ныкъуэрэ хуэдизкІэ, зэззмызэ тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтІанэ хьэзыр ящІа хъынкІэлыр зэІащІэурэ абы халъхьэ. МафІэр ину ягъавэ дакъикъ пщыкІутху хуэдизкІэ. Халъхьэ бжьын упщІэта, щыкІуу упщІэта шыбжий, шыуанышхьэр трапІэри дакъикъитху - зыкІэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьыныхъу убар халъхьэ, зэІащІэ, шыуанышхьэр трапІэри, зэ къытрагъэкъуалъэ. Пэшхьэкум къытрахыжри и щхьэр тепІауэ дакъикъи 5 - 6-кІэ щагъэт нэхъ зэхэщыпсыхьын, мэ гуакІуэ кьищтэн щхьэкІэ. Пщтыру яшх, щІакхъуэ и гъусэу. ЩІакхъуэ дэзымышхи щыІэщ.

Халъхьэхэр (цІыхуит! Іыхь):
Къупщхьэ зыхэмыльтІ мэлылу - г 200
Пыр зэрагъэзэну псыуэ - г 800
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40
Бжьыныхъ укъэбзауэ - г 15
Шыбжий сыр мыхьэжауэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

ХъынкІэлым халъхьэхэр:
Гуэдз хьэжыгъэу - г 170-рэ
ДжэдыкІэу - г 20 (джэдыкІэ ныкъуэ)
Шыгъуу, псыуэ - узыхуейм хуэдиз.

Джэдыл, бжьын щІэгъэжьыхьауэ

ДЖЭДЫЩІЭ гъэкъэбзар зэпкърах, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ. Тебэ куум иралъхьэ, псы щІыІэ тІэкІу щІакІэ, шыгъу хадзэри, и щхьэр тепІауэ мафІэ мыиным тету дакъикъэ 15 - 18-кІэ, тхъурымбэр къытрахыурэ, ягъавэ. Псыр зэрыщІэващІэу тхъу щІалъхьэри, зэрагъэдзэкІыурэ дакъикъи 8 - 10-кІэ ягъажьэ. ИужькІэ мыцІыкІуурэ упщІэта бжьыныр щІалъхьэ, и щхьэр трапІэри, зззэмызэ зэІащІэурэ, бжьыныр тхъуэпІыцІэ хьуху ягъажьэ, шыбжий пІъыжь хьэжа траудэри зэІащІэ, тебащІэкІэ трапІэжри псори зэрызэщІэлъу зэхэзыр хъуху ягъажьэ. Пыри бжьынри зэщІэлъу Іэнэм трагъэуфэ. ПІастэ, щІакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхь):
Джэдылу - г 380-рэ
Зэрагъэзэну псыуэ - г 50
Тхъууэ - г 100
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 150-рэ
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Шапсыгъ щІыналъэ

ХьэщІагъэ ирах

Краснодар крайм щагъэхьэщІащ Волгоград областым и ЛІыкІуэ гуп. Зы махуэкІэ аэрэ щыІащ Іэгуий-Шапсыгъ къуажэм.

- ЩІЫНАЛЪЭХЭМ я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным теухуауэ екІуэкІ Іуэхущ мыр. ХьэщІэхэм яфІэгъэщІэгъуэну зыщагъэзыгъэщащ зи экономикэ зыужьынигъэр лъагэ муниципалитетхэм, щІыпІэ самоуправленэхэм я лэжьыгъэр къыззгъэпэщыным, ЖКХ-м и Іуэху зэІумыбзхэм, мэкъумэщ Іэнатіэм, щІэныгъэм, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ, спортым, щІалэгъуалэ политикэм, нэгъуэщІхэми гулъытэ хэха щыхуащІ ди щІыналъэм и ехъулІэныгъэхэм лъабжьэ яхуэхъум. Ахэр хьэзырщ ди щІыналъэм къыдэлэжьэну, - жиІащ Краснодар крайм и администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и департаментым и унафэщІ, вице-губернаторым и къуэдзэ КІэрмыт Мухьдин.

Индыл Іуфэ къикІащ къалэхэм, районхэм, щІыпІэ самоуправленэхэм я унафэщІу цІыху 40 хуэдиз. Абыхэм пашэу я гъусащ вице-губернатор Блошкин Александр. ЛІыкІуэхэр ялэу къыщыувыІащ Армавир, итІанэ Краснодар. ЩІыналъэм зыщалІтыхьащ, жылагъуэ Іуэхум пэрытхэм, къулыкъущІэхэм яхуэзащ. Гупыр ирагъэблэгъащ ТІуапсы районым.

ТІуапсыдэхэм хьэщІэхэр ирагъэблэгъащ адыгэ хабзэм тету. «Олимпийские надежды» узынщагъэм щыкІэлъыплъ сабий зыгъэпсэхупІэм, «Орлёнок» урысейпсо сабий центрым яшащ. ИужькІэ - Іэгуий-Шапсыгъым. Адыгэхэр хьэщІэхэм яІущІащ екІуу. Адыгэ фащэкІэ хуэпа шухэр зыпежьа лІыкІуэхэр «Нарт» лъэпкъ унэм къыщыувыІащ. Ахэр ирагъэблэгъащ бысымхэм - ТІуапсы районым и къуажэхэм, Сочэ къалэм дэс нэхъыжьхэм.

- Ди районыр шыгъуПластэкІэ цІэрыІуэщ. Дэ хьэщІэ ди щІасэщ, абыхэм дадогугашэ ди тхыдэм, щэнхабзэм нэхъыфІу хэлъымкІэ, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкІауэ мыбы щыпсэуэхэм къайхъулІахэмкІэ. Нобэ фэдгъэлъагъунущ дызэрыгушхуэу, дызыхуэсакъыу, пщІэ зыхуэтщІу диІэхэр. Япэрауэ, ар ныбжьэгъуэрщ, зэгурыІуэныгъэрщ, гулъытэ хуэныкъуэм дыдэІэпыкъуну дызэрыхьэзырырщ, - жиІащ ахэр къыщригъэблагъэм, ТІуапсы районым и щыхьэрыр - къалэ-ПІыбанёв Владимир.

«Нарт» унэм хэт музейм зыщалпІыхьащ Индыл Іуфэ къикІахэм. Абы щІэльщ 18 - 19-нэ лІэщІыгъуэхэм адыгэхэм зэрахьэу щыта Іэмэпсымэ, хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр. Абы щекІуэкІащ ЦыпкІэ къуажэм щыщ модельер КІуращын Маринэ и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. ХьэщІэхэм зыщагъэгъуэзащ щІыналъэм и щІыдэлъхуу лъэпкъым и тхыдэм, и хабзэм, зэрыпсэум. Ялъэгъуащкраймрэ щІыпІэ власты-мрэ шапсыгъэхэм я Хасэм зэрыдэлажьэм щыхьэт теухуэ сурэтхэу блыным фІэлъхэр. Тенджыз ФІыцІэ Іуфэм Іус адыгэхэм я псэукІэ-лэжьэкІэм, я хабзэм хьэщІэхэр щигъэгъуэзащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Чачыхъу Мэжид. ХьэщІэхэм адыгэ лъэпкъ шхыныгъуэхэр Іуагъэхуащ. Ахэр ирагъэплъащ «Шапсугия», «Нарт», «Солнечный дождь» ансамблхэр, уэрэджыІакІуэ пажэ ЛъашэАльберт зыхэта концертым.

- ТІуапсы щІыналъэм дыкъуащІыкІуа зэманыр Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр ныкъэрыщІытхрэ илъэс 70 щрикъум зэрытекхуар ди гуапэщ, - захуигъэзащ къапежьа бысымхэм Волгоград областым и вице-губернатор Блошкин Александр. - Ди щІыналъэм и щыхьэрыр - къалэ-ПІыбанёв Владимир.

ТІуапсы районым и къалащхьэри Зауэ щІыхьым и къалэщ. ТІуапсыи Волгогради щекІуэкІа зауэ гуащІэхэм мыхьэнэшхуэ яІащ Хэку зауэшхуэр зэриухыну щІыкІэм теухуауэ. Дохъумэ мамырыгъэ лъапІэр къытхуэзыдэуа ди лІыхъужьхэм я фэеплъыр. Абы къищынэмыщІауэ, дэ дитхъэкъуащ Краснодар крайм псэукІэр егъэфІэкІуэным, щІэблэм и гъэсэныгъэм, лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэм щыхуащІ гулъытэм. Иджы дэри ди гуапэу ди дежи фыдогъэблагъэ!

НЫБЭ Анзор.



● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Адыгэ щІалэгъуалэр Тыркум ирагъэблагъэ

Ди гуапэ зэрыхъущи, иужьрей илъэсхэм хамэ къэрал щыхэхэс ди къуэшхэмрэ дэрэ ди зэпыщІэныгъэр нэхъ быдэ мэхъу. Нэхъыбэм ущагъэгугъ ди щІалэгъуалэр щІэх-щІэхьыурэ зэрызэхуэзэм, хэкум къакІуэхэмрэ хэхэсхэм я деж кІуэхэмрэ я зэхуаку къыдэхъуэ зэныбжьэгъугъэм.

КъБКЪУ-м и профессор Бакъ Зерэрэ Тырку Республикэм щыпсэу адыгэ щІалэ зыбжанэрэ я жэрдэмкІэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуеджэ щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ Тырку къэралыгъуэм яшэнурэ зэІущІэ щхьэпэхэм хэтынущ, адыгэгу зыкІуэцІыпІэ, адыгэ Іуэхум телажьэ ди лъэпкъэгъуэхэм яхуэзэнущ, нэхъыщхьэращи, адыгэхэм я усакІуэ пажэ, къбэрдей усыгъэм и пъабжьэр зыгъэІтІыпІэ Щоджэнщ!ыкІу Алий и пшыхь къыззрагъэпэщынущ. Апхуэдэ Іуэху дахэр кърахьэжьащ Щоджэнщ!ыкІур къызэралъхурэ илъэси 115-рэ щрикъум ирихьэлІэу. ЕгъэджакІуэ Іэзэм, уэзщІакІуэ нэсым и «Нанэ» усэм фІэкІа мыхъуми, хэхэсхэм я гум щыщІэр къэІуэта хъуауэ пІытэ хъунущ, хэкурысым игу къэмыкІ гурыщІэщ а усэм еджэм зыхищІэр, псом хуэмыдэу ар къэІукІ хэхэс гъащІэр зи натІэ хъуа ди къуэшхэм я псэм. Тыркум къыщыдэкІ адыгэ журналым зи усэхэр япэ дыдэу къытрадза Алий и Іэдакъэщ!экІэхэм пщІэ хэха зэрыхуащІым и щыхьэтщ зи гугъу тщІы «Нанэ» усэр.

Бакъ Зерэ къызэрыджИамкІэ, мы зэІущІэм хэтынухэр зэпеуэм къыщыхахащ, ныбжьыщІи 100 хуэдиз зыхэта зэхьэзэхуэм эссе ираугъэхащ «Тырку къэралыгъуэр щІалэгъуалэм я нэкІэ». Абыхэм къэпщытакІуэхэр хэпльэ нэужь, цІыху 25-рэ хуэдиз къыхахащ, Тыркумрэ Къэбэрдеймрэ зэрызэпыщІа щІыкІэу тхыдэм къыхэщІыжым деж щегъэжьауэ, къэралыр къаззрыщІихъумрэ адыгэхэр абы дызэрепха хъуамрэ нэхъ купщІафІэу тетхыхьахэр ягъэнахуэри. Къищынэмыщ!ауэ, Тыркум щекІуэкІыну зэІущІэхэр игъэдэхэнущ шыкІэпшынауэ Еуэз Зубер и гупым.

ТхьэмахуитІым нэблагъэкІэ Тырку Республикэм щыІэну ди щІалэгъуалэм Іэмал яІэнущ Щоджэнщ!ыкІум и гъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ щызэпкърах, и усэхэм къыщеджэ зэхуэсхэм хэтыну, Истамбыл, Анкара, Токъат, Кьайсэр къалэшхуэхэм зыщалпІыхьыну, щІыпІэ дахэхэмкІэ къулей къэралыгъуэр зрагъэлъагъуну, истамбылакІуэ гъэгуэжьыр псэкІэ зыхащІэну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **7**. Хадзэкі. **8**. Адыгэ лъэпкъ. **10**. КУэсэ ... умышІ. **12**. Гур мыплъэмэ, ... плъэркъым. **13**. ... ІэгуфэкІэ къегъажэ. (Гуэзэгъуэм игъэхыщІэм щхьэкІэ жаІэ). **14**. Егъэлеяуэ дунейр щыщІыІэ. **16**. Завод Іэтащхьэм и блыгущІэтхэм ... яхуищІащ и чэзум лэжьапІэм къекІуэлІэну. **17**. Жэмтхьэлэ щыщ адыгэ генерал. **22**. Районым, псыежэхым я цІэ. **23**. Зи дамитІыр дэшея. **25**. Іэщ. **26**. Уанэм и лъэныкъуитІым кІэрыщІа лъакъуэ игъэувапІэ. **28**. Бом ... макъ къыщІэІукІащ. **29**. Пхъэ кІапэ. **31**. Щыхь лъэпкъ. **32**. МафІэ бзий къыдидзу, уафэм къыщоуэ. **35**. Урысей Федерацэм икІыжа цІыху къулей минипщІ бжьыгъэхэр здэІэпхъуа къэрал. **37**. Пщым и дэІэпыкъуэгъу, и блыгущІэт.

Къехьу: 1. МахуэцІэ. **2**. Нэщі маззм зеиншэхэм, тхьэмыщкІэхэм ират Іыхьэ. **3**. ... хъунур шкІэ щІыкІэ къоущІэ. **4**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **5**. Псыежэхым и адрей лъэныкъуэм къыщыпІъ щІы. **6**. ДжэдыкІэ ... **9**. Аруан районым щыщ къуажэ. **10**. Мэжаджэ, хьэтыкъ, чыржын ... **11**. Парыт: нэгъуэщІхэр зыдэплъеиплхъэ цІыху. **15**. Мэлбахъуэ Тимборэ иужькІэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Іэтащхьэ лэжьа. **17**. И кІэр бжьыхьи ... **18**. ... зэуэр аркъэным щощтэ. **19**. Уэшх къемыщхьу зэман кІыхь щыдиз лъэхъэнэ. **20**. УнэщІэ домбейр ... 14-у зэтетщ. **21**. БгитІ зэхуаку. **24**. Псы е шэ къэкъуалъэм и щхьэм къещІ. **26**. Нартхэм я гъукІэ. **27**. Колхозым ... бзэ кърихьэлІащ. **30**. Илъэс 20-м щІигъуэуз Урысей Федерацэм и Правительствэм хэтщ: зыхъумэжьныгъэмкІэ министрщ, армэм и генералщ. **31**. Фэншэ, теплъэншэ. **33**. Адыгэ зыльэкІхэм хамэ унагъуэм ирагъэпІу щыта щІалэ цІыкІум зэреджэ. **34**. Махъсымэм щІотІысыкІ. **36**. Пэгуным псыр ... хъуащ. **38**. ... ві бжьакъуэм къокІ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Бадзэуэгъуэм и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5**. Фэдэн. **6**. Аргъуей. **9**. Сэмб. **10**. Щихъ. **11**. Лъахъш. **12**. Хугу. **13**. Ажэ. **15**. Гъудэ. **17**. Хъун. **18**. Бов. **19**. Мэдыд. **21**. Бру. **24**. Хьэжьвакъэжьышх. **27**. ХъэтІ. **28**. Дыжьын. **30**. Пкъо. **31**. Щэ. **32**. БгъущІ. **34**. «Нур». **35**. Бо. **38**. Бжьын. **39**. Мер. **40**. Сэро. **41**. Щащыкъу. **42**. Арджэн.

Къехьу: **1**. Нэгумэ. **2**. Унащхьэ. **3**. Малъхъэгъу. **4**. Медан. **7**. Псыхуабэ. **8**. Пшынауэ. **14**. Жэм. **16**. Дыд. **20**. Дакъжь. **22**. Бжьэ. **23**. Пыл. **25**. Пхъэщабэ. **26**. Говоров. **28**. Дыгъу. **29**. Нау. **33**. ШІымахуэ. **34**. Нартан. **36**. Хъыдан. **37**. Уэтэр.

● Чэнджэщхэр

Акъылыр жан зыщІыр

♦Шыбжий сыр зышхрей цІыхур акъыл жан мэхъу.
♦Зи бэзгу къихуахэм джэдгын ущэба жьэдагъэщащэри, я жьэр зэтепІауэ щагъэтщ ибжьэн иухыу, итІанэ къыжьэдадзыж. Ар щащІыр гъуэлъыжьигъуэм и дежщ.
♦Шыл, бабыщыл, къазыл пшэрхэм къыхащІыкІ шхыныгъуэхэр, абыхэм я дагъэр сэбэп яхуохьу щІыІэ зыхьыхьахэм, жьы зыхуримыкъуэхэм, жьэн уз зиІэхэм.
♦Нартыху пІастэ хуабэрэ бжьыныщхьэ укъэбзар шыгъуэм хагъауэурэ зышхрейхэр фІыуэ мэжей, абы лъыр фІыуэ зэрегъэкІуэ, нэкІу зэпъахэми зрегъэшэщІыжь.
♦Шха иужькІэ бжэмышхри гуахъуэри Іубауэ ягъэтІылъыркъым, гуэныхьышхуэ пылъщ, жаІэ.
♦Къалмыкъ шей пщтырым адыгэ шатэ Іувыр хэпкІэмэ, тхъууэ мэжабзэ. Апхуэдэу мыхъун щхьэкІэ, шатэ Іувым псы тІэкІу хакІэ, зэІащІэри, итІанэ къалмыкъ шеим хакІэж.
♦Ямылейуэ ялъэса мэл е былым укІам и лъатэм къъуей щІагъуэу хихыжьынукъым.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГушыІэ

Нэмыцэ сырыхужьыр

«ПИРОТ!» - жаІэщ абы, зы махуэ гуэрым дыкърахужьэри, дыкъахум-дыкъахуурэ, Дон дыкъэсри, пхъэ закъуэ лъэмыж тельти, сыкъытехьащ. Псыкум сыкъэса къудейуэ, зы нэмыцэ сэмэлотыжь, дзэлыкъуэбгъэ хуэдиз хъууэ, къытщхьэщыхьэри, сэмэгурабгъумкІэ зы бомбэ фІыцІэжь къридзыхщ аби, псы щІагъэм къыщыуэри, аргъей щитхурэ зы пащІэкІапсэрэ къыдридзеищ, я ныбгу хужьыжьхэр къыдэгъэзэеиуэ; ижьырабгъумкІи зы бомбэ щхьэнтІэжь къридзыхщ аби, ар псы лъащІэм къыщыуэри, аргъей щиблрэ хьэлабгъуэ зыхьблрэ къыдридзеищ, я ныбгухэр лъы защІэу; ещанэр сэ къыстригъапсэ пэтрэ, си фочэ зэгуэтымкІэ сыдзуейри, сэмэлотыр зэпкърызудри, щыкъуей-щыкъуейуэ псым къыхэпІэлъэжащ. Абыхэм ящыщ зы мы си жьэпкъыпэм къытехуэри, мыпхуэдэу дыкъуакъуэ зыщІар аращ.

Сэ Дон сыкъыщэпрыкІри, шэджагъуэ нэмэзым сытеувэн щхьэкІэ, андез сщтэуэ сыщысу, сеплъэкІри - нэмыцэ къом пхъэ закъуэ лъэмыжым къытехьауэ си лъэужьыр къаху. Іэдакъэжьауэ сщІырэ къэзбжмэ, инэралитІрэ Іэфицарицрэ сэлэтищэрэ хъурт. Лъэмыж кІапэр къэсІэтри, фашист къомыр езгъэплъэлъэжщ аби, езгъэтхъэлащ, зы къэмынэу. Сэлэтхэр хъуанэу, инэралхэр шхыдэу щІэтІысыкІри, бдзэжьейхэм яшхыжащ.

«Зэпытрэ зэкІэсу фыкІуэ», - жысІэри, си шэджагъуэ нэмэзри сщІыщ аби, тІэкІу седзэкъэну сытІысауэ, уафэм къохуэхри, зы лІы сырыхушхуэ си пащхьэм «барф!» - жиІэу къохуэ. Ар нэмыцэ сэмэлотчикырат: и сэмэлотыр щызэпкърызудам щыгъуэ дрихуейри, иджыпсту къехуэхьажауэ арат. Си флашхэм и щхьэр къыІусІуэнтІыкІщ, зы сто грамыжь Іурысклэри, занщІэу къэплъэжащ:

- Уэра ныдэуеяр? - жи.

- Алэхьэ, сэрам!

Убалъэ хуэдиз хъу и ІэштІымыжьымкІэ къъуэри тІэрабгъуэу сриудащ.

Ар сэ абы хуэзгъэгъунт? Сыкъыщылъэтыжщ, зездзщ аби, мо вэнвей ныбжьыр къэсІэтри, и блэгущІэм къэскІэ щІы цІынэм хэсТІащ. Нобэми хэтщ ар, ныжьэбэми хэтщ, къыхамычыжьыфу. И пщэм церп ирадзэу танккІэ къеІа пэтми, алэхьэ, къыхамычыжьфа нэмыцэми сэвецкэми - апхуэдизкІэ хэжьхьати! «Бэгъуэн Хьэзрэйил хитІам хэт пэлъащ!н!» - жаІэри къыханэщ аби, зэбгрыкІыжащ.

Япэм, фашистами, чыристэнкъэ, жаІэурэ, урыс цІыхубзхэм кІэлбэса, кашэ, борш, пІэтІражан сыт хуахьурэ ягъашхэу щытащ: иджы унэшхуэ щхьэщащІыхьащи, туристхэр пщІэкІэ ирагъэплъ: сэвецкэхэр сом зырызкІэ, хамэ къэрал къикІахэр - тумэн зырызкІэ.

Мелуан бжьыгъэкІэ ахъшэ къыщІах абы, мелуан бжьыгъэкІэ! ИтІани, ар зи ІэщІагъэ сэ, алэхьэ, фадэбжьэ уасэкІэ ягу сыкъэмыкІ.

НАЛО Заур.

● Псалъэжьхэр

Іейм Іей покІуэжыр

- **Хуэмыху и Іуэху блэкІыркъым.**
- **Зылъэмыкі Іэфракіэ и Іыхьэщ.**
- **Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.**
- **Хамэр гъэшэраши, унэр гъэшэрыуэ.**
- **Зым и мыгъуэр зым и махуэщ.**
- **Къандзэгурэ пэт гу егъэуфэрэнкІ.**
- **ЗыхуащІэ нэхьрэ - зыщІэф.**
- **Пщы зыфІэпщым пщылІ къыпфІещ.**
- **Дахэ и щІагъ дыщэ щІэлъщ.**
- **ФІым фІы къыпокІуэри, Іейм Іей покІуэжыр.**

● Интернетым дыкъыщоджэ

Анэм и лъагъуныгъэ

Зэгуэр анэм зэхихащ, абы хэт нэхъыфІу илъагъуми и пхъуитІым зэхагъэкІыну хэту зэдаэу. Анэм зыри яжримыІэу шэху уэздыгъэр пигъанэри, хъыджэбзитІыр къриджащ:

- Мы шэху уэздыгъэр сэра хуэдэщ. Мыбы къыпиху мафІэр си лъагъуныгъэрщ.

ИтІанэ аргуэру зы шэху уэздыгъэ къищтэри, япэрейм и мафІэмкІэ пигъэнащ.

- Мыр си япэ бын хуэдэщ. Абы япэу естащ си мафІэр - лъагъуныгъэр. Япэ уэздыгъэмкІэ адрейр пызгъэна щхьэкІэ, абы и мафІэр нэхъ мащІэ хъуа? Хьэуэ.

Апхуэдэурэ анэм пигъэнащ быну иІэм япэбж шэху уэздыгъэ. Япэрей уэздыгъэм и мафІэр зэрыину, зэрыхуабэу къэнэжырт.

● ГушыІэ

Нэмыцэ сырыхужьыр

«ПИРОТ!» - жаІэщ абы, зы махуэ гуэрым дыкърахужьэри, дыкъахум-дыкъахуурэ, Дон дыкъэсри, пхъэ закъуэ лъэмыж тельти, сыкъытехьащ. Псыкум сыкъэса къудейуэ, зы нэмыцэ сэмэлотыжь, дзэлыкъуэбгъэ хуэдиз хъууэ, къытщхьэщыхьэри, сэмэгурабгъумкІэ зы бомбэ фІыцІэжь къридзыхщ аби, псы щІагъэм къыщыуэри, аргъей щитхурэ зы пащІэкІапсэрэ къыдридзеищ, я ныбгу хужьыжьхэр къыдэгъэзэеиуэ; ижьырабгъумкІи зы бомбэ щхьэнтІэжь къридзыхщ аби, ар псы лъащІэм къыщыуэри, аргъей щиблрэ хьэлабгъуэ зыхьблрэ къыдридзеищ, я ныбгухэр лъы защІэу; ещанэр сэ къыстригъапсэ пэтрэ, си фочэ зэгуэтымкІэ сыдзуейри, сэмэлотыр зэпкърызудри, щыкъуей-щыкъуейуэ псым къыхэпІэлъэжащ. Абыхэм ящыщ зы мы си жьэпкъыпэм къытехуэри, мыпхуэдэу дыкъуакъуэ зыщІар аращ.

Сэ Дон сыкъыщэпрыкІри, шэджагъуэ нэмэзым сытеувэн щхьэкІэ, андез сщтэуэ сыщысу, сеплъэкІри - нэмыцэ къом пхъэ закъуэ лъэмыжым къытехьауэ си лъэужьыр къаху. Іэдакъэжьауэ сщІырэ къэзбжмэ, инэралитІрэ Іэфицарицрэ сэлэтищэрэ хъурт. Лъэмыж кІапэр къэсІэтри, фашист къомыр езгъэплъэлъэжщ аби, езгъэтхъэлащ, зы къэмынэу. Сэлэтхэр хъуанэу, инэралхэр шхыдэу щІэтІысыкІри, бдзэжьейхэм яшхыжащ.

«Зэпытрэ зэкІэсу фыкІуэ», - жысІэри, си шэджагъуэ нэмэзри сщІыщ аби, тІэкІу седзэкъэну сытІысауэ, уафэм къохуэхри, зы лІы сырыхушхуэ си пащхьэм «барф!» - жиІэу къохуэ. Ар нэмыцэ сэмэлотчикырат: и сэмэлотыр щызэпкърызудам щыгъуэ дрихуейри, иджыпсту къехуэхьажауэ арат. Си флашхэм и щхьэр къыІусІуэнтІыкІщ, зы сто грамыжь Іурысклэри, занщІэу къэплъэжащ:

- Уэра ныдэуеяр? - жи.

- Алэхьэ, сэрам!

Убалъэ хуэдиз хъу и ІэштІымыжьымкІэ къъуэри тІэрабгъуэу сриудащ.

Ар сэ абы хуэзгъэгъунт? Сыкъыщылъэтыжщ, зездзщ аби, мо вэнвей ныбжьыр къэсІэтри, и блэгущІэм къэскІэ щІы цІынэм хэсТІащ. Нобэми хэтщ ар, ныжьэбэми хэтщ, къыхамычыжьыфу. И пщэм церп ирадзэу танккІэ къеІа пэтми, алэхьэ, къыхамычыжьфа нэмыцэми сэвецкэми - апхуэдизкІэ хэжьхьати! «Бэгъуэн Хьэзрэйил хитІам хэт пэлъащ!н!» - жаІэри къыханэщ аби, зэбгрыкІыжащ.

Япэм, фашистами, чыристэнкъэ, жаІэурэ, урыс цІыхубзхэм кІэлбэса, кашэ, борш, пІэтІражан сыт хуахьурэ ягъашхэу щытащ: иджы унэшхуэ щхьэщащІыхьащи, туристхэр пщІэкІэ ирагъэплъ: сэвецкэхэр сом зырызкІэ, хамэ къэрал къикІахэр - тумэн зырызкІэ.

Мелуан бжьыгъэкІэ ахъшэ къыщІах абы, мелуан бжьыгъэкІэ! ИтІани, ар зи ІэщІагъэ сэ, алэхьэ, фадэбжьэ уасэкІэ ягу сыкъэмыкІ.

НАЛО Заур.

Туркан илъэс 32-рэ ирокъу.

Кремлым щохьэщIэ. Къыбгъэдэкыгъ киноактрисэ цIэрыIуэ Лолобриджидэ Джинэщ. *Москва, 1973 гъэ*

● Ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр

Тыркум щыцIэрыIуэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа актрисэ Шорэ Туркан и ныбжьыр илъэс блыщI ирикъуад. Абы теухуа тхыгъэхэр мызэ-мытIэу тетащ ди газетым. Ауэ аджы «Си Киномрэ Сэрэ» фIэщыгъэр иIэу и гъащIэм теухуауэ къыдигъэкIа тхылъым зи гугъу щищIэхэм фыщыдгъэзыгъаззмэ ди гуапэу тыдодзэ тырку актрисэм, адыгэ бзылъхугъэм теухуа мы тхыгъэр.

Шорэ Туркан 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м Истамбыл щащIалъхуад. «Тырку кином и сулътIан» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщауэ, псоми къацIыхуу икIи пщIэхэмрэ къыхуащIу апхуэдэщ ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэр. Ар кином и дунейм щыхьхьар 1960 гъэращ, ялэу зыхэтар «Къуажэм фIыуэ щыслъэгъуащ зы пщащэ» фильмращ. Туркан и ялэ саугъэтыр - «Дыщэ ПIамыр» (Апельсин) 1964 гъэм Анталие щекIуэкIа фестивалым къыщраташ «ГъащIэ дыдж» фильмым щигъэзэщIа ролым щхьэкIэ, зи зэфIэкIыр нэхъ ин актрисэу къалъытэри. А саугъэт дыдэр 1968, 1987, 1994 гъэхэми къратащ, апхуэдэуи «ИгъащIэкIэ щыхь зиIэну актрисэ» саугъэтыр 1996 гъэм къыхуагъэфэщащ. КъищынэмыщIауэ, Адана щекIуэкIа «Дыщэ шылапхъэ фестивалми» 1973 гъэм цIэ лъапIэ къыщыфIащащ. Псори зэхэту къалащтэмэ, апхуэдэ саугъэту 20-м щIигъу иIэщ абы.

Телефильму, сериалу 222-м щыджэгуащ Шорэ Туркан, абы и лъэныкъуэкIэ фильм нэхъыбэ дыдэм хэта актрисэ дуней псом щыхьуащ. 1971 гъэм абы иригъэщIащ езым и цIэр зезыхьэ пэщIэдзэ еджапIэ. Туркан ящыщ езыр режиссеру фильмым хэта актрисэ мащIэм. 1972, 1973, 1976, 1981 гъэхэм фильмиплI трихащ Шорэм, езыр режиссеру икIи роль нэхъыщхьэр щигъэзэщIэу.

Хъун Эдиз и гъусэу «Пщащэ ныбжьыщIэ» фильмым хэтщ. *1963 гъэ*

Илъэсибл ирокъу. *1952 гъэ*

Шорэ Туркан и сабиигъуэр

«ВЫ ХЪУНУР шкIэ щыкIэ къыбощIэ» зэрыжаIэщи, Шорэхэ ярэхъу Туркани зы бэлыхь зэрыхъунур къыуимыщIэнкIэ Iэмал иIэтэкIым, абы и сабиигъуэм дунейр зэрызыхищIэу щытамрэ дахагъэм гу зэрылытамрэ тепщыхьымэ. Мис абы и сабиигъуэм и нэ дахитIым яIъагъуфа тельыджэр, и сабиигу кIэй кьабзэм зыхищIэфар:

*«Зы щIымахуэ пщэдджыжьщ, дауущынщэрэ гупсэхугъуэу... Ди унэ балконым сытетщ, уафэр щIыIэ мыл джейщи, содыкъ. Ауэ уафэ щIыIэр си жагъуэжьым, сфIэфIщ. Си нэр здынэплъысым кIиубыд теплъэгъуэхэм си псэр яхьэхуауэ, си гур сIэпах. Уафэ щIэнщэ, гъунэнщэ дахащэм кIафэ дахэ хъыщащI хуэдэу, пшэ хужьыфэгъуаджафэхэр хуэм цIыкIуурэ щос. Зыр зым зыхуагъафIэу, Iэплъ зэхуащыным хуэпабгъэ хуэдэу зыззхуаший, уэздыгъей жыг кIыхьышхуэхэм уэшх ткIуэпсхэр, налкъутналмэс зырызу фIэкIа умыщIэну, къудамэ псыгъуэхэм къапольдыкI... Адрыщ къыщежьа кхъухьыр, къыдригъэхуей тхъурымбэ хужьыбзэхэр зэридзэкI-зэринэкIыурэ, блосыкI... Къыпхэмыуэтэну теплъэ тельыджащ. А теплъэ дахащэхэр кино теплъэгъуэхэм щыслъагъу хуэдэу си нэгу къыщIызогъэувэ».

Апхуэдэу къыщIедзэ Шорэ Туркан и гукъэкIыжхэм ятриуху тхылъыр.

Ар тхылъышхоущ, напэкIуцI 400-м нэблагъэу. Туркан абы къыщеIуатэ кино гъуазджэм епха хъуа и гъащIэр, абы ныбжьэгъу къыхуищIахэр, фIыгъуэ-дахагъэхэр, гукъэкIыжхэр, тырку кином къикIуа гъэгуанэр, абы зэрызиужьар, нэгъэущIэхэр.

Шорэ Туркан и адэшхуэ Мурат Тыркур и щхьэхуитыныгъэм щыщIэзэуа 1919 - 1922 гъэхэм дзэпщ пашэт, Истамбыл-Iэюб районым щыкъулыкъущIэт. Абы и дзэпщ джатэр иджыри ихъумэу жеIэ Туркан. Актрисэ цIэрыIуэм и адэшхуэм и анэм и цIэр Гуащхьант.

Туркан и адэшхуэм и унагъуэм щIалищрэ зы хъыджэбзрэ иIэт. Езым и адэ МирIат-ХьалИди, и адэ къуэш нэхъыжь Адили полицэм хэтт. Адрей и адэ къуэш нэхъыщIэ Ридуани политикт, парт гуэрым щылажьэрт. Туркан и адэ щыпхъу Надири егъэджакIуэт, иужькIэ Iлы дэкIуэри, и унэцIэр Уарлы хъуад. ЗэкъуэшитIымрэ я щыпхъумрэ я адэм и унэжьу щыта, хъатищу зэтетым щызэдзэпсеухэрт - зы къатым Ридуан, зым Надирэ, зым Туркан и адэ-анэр, Адил щылажьэ щIыпIэм щыпсэурт.

Хъыджэбзым и ныбжьыр илъэсибл ирикъуукIэ унагъэшхуэр а унэм щызэдзэпсэуад. Ридуан бынилI иIэти, абыхэмрэ Турканрэ зэрыгъэбзаджэрэ, зэрыгъэтхъэжу щызэдзэпсэурт, зыгъэфIэнрэ къащхьащхьыжьнрэ я куэду. Пщащэр илъэсибл ирикъуа къудейуэ, и адэр и ныбжьмрэ и къуэшымрэ ящIыйери яхэкIащ, а район дыдэм нэгъуэщI уэнэ бэджэнду къыщищтэри, абы Iэпхъуащ. Абдежьми щиухащ Туркан и сабиигъуэ тхъэгъэр.

Шорэм и анэ Сау Мэлихьэри Салоникэм къиIэпхъукIа адыгэ унагъуэм япхъущ. Мэлихьэ и адэ Шыкури лIы зэкIужу щыташ, сыт хуэдэ гупми къахэщу.

Туркан и адэм унагъуэр тыншу игъэпсэуну хущIэкъурт, ауэ полицэм къащихь лэжьапщIэмкIэ ар зэрыхуейуэ хуэфIэкIыртэкъым. Іулъхьэ жыхуаIэр хъэрэмти, ягу къэкIыххэр-тэкъым. Абы къыхэкIкIэ, Туркан и анэрэ лэжьэн хуей хъуад. Хъыджэбз цIыкIур пэщIэдзэ еджапIэм щыщIэтIысхьам къыщIэпIыкIуни, тезыгъэуни, зыгъэгушхуэни игъуэтыртэкъым - и адэр полицэм хэтти, щыкIуэри къыщыкIуэжри убзыхуатэкъым, и анэми лэжьыгъэр щиухыр гуваут. ЕгъэджакIуэр нэфIкIэ кьеплърэ кьедэхащIэмэ, арат и гурыфIыгуэр.

И адэ Шорэ Хъалид. *1948 гъэ*

И анэ Сау Мэлихьэ. *1946 гъэ*

И адэшхуэ Шорэ Мурат. *1925 гъэ*

Илъэс 17-м итщ.



«Зорлу Дамат» фильмым щоджэгу. *1962 гъэ*

ШОРЭ Туркан: «Ину фIыщIэ пхузощI, кино»

ПэщIэдзэ еджапIэм щIэтIысхьа къудейуэ, Тырку Парламентыр къыщыIэзIуах махуэм хъыджэбз цIыкIу гуэр усэ кIрагъэжьэн уэ ящхьыбзэ, Туркан сэ усэ кIыхьышхуэм къызэфIэмынэу, дахэу къоджэри, еджапIэми къыщацIыху, фIыуэ къыщалъэгу мэхъу. Музыкэми хэзагъэу, къэфэнми хуэIэзэу, сурэт щIыни ифIэфIу апхуэдэт Шорэхэ я пхъур, еджэнымкIи зыри зытригъакIуэртэкъым. Етхуанэ классыр къыщацхьым щыгъуэ зы пьесэ ягъэувати, абыи роль щигъэзэщIащ Туркан.

Унагъуэм гурыфIыгъуэ имылъмэ...

ЕкIуэкIыуэр 1954 гъэм Туркан и шыпхъу нэхъыщIэ Назан къалъхуащ.

Абы иужь махуэ зыбжанэ дэкIауэ, Фатихь районым дэт гъэмахуэ кино зэIухам дашэри, и пэм къыщыщIэдзауэ, и кIэм нэсыху зы кинофильм сыщопIъ ялэу. Фильмым и цIэр «МафIэс къэхуащ». Нэхуэхэр ягъэункIыфI. Фильмым щIедзэ. ТэкIу докIри, псори зэуэ зэдоГъ, зэдедыхьэшх, фильмым итхьэкъуащи, нэгъуэщI дуней щыIэу ящIэжыркъым. ХьэгъуэлIыгъуэ гуэр, пшыхь гуэр ирагъэкIуэкI хуэдэщ. Сэри сыхэтщ а дуней щIэращIэм, Іупхъуэ хужьым кьытридзэ драмэм сыхэтщ, си нэм нэпс къыщIож. Унэм сыкъэсыжьыу сымыуыIэжьфу сыгъащ. Ауэрэ кинор си гупсысэм, си гупытэм, си зэхэщIэм къыхэпщIэу щIедзэ.

Си ныбжьэгъу хъыджэбзхэмрэ сэрэ артист зэкIуж цIэрыIуэхэм датхьэкъуэу дателIэу, ахэр зэпэдыбыду щIыдодзэ.

ЩIэбэт-тхьэмахуэхэм си анэм дежь сокIуэжри, си шыпхъу цIыкIум сыдоджэгу. Си анэр зыщIэс унэр зейр Йылдыз Iэмэл жаIэу зы актрисэ цIэрыIуэ гуэру къыщIокI. Ар ныуэжь хъуа и анэр и гъусэу нэгъуэщI къатым тесщ, дэ ильбэжьым дыщопсэу.

ЦIыхум и гъащIэр зыхуэзам щиубзыху щыIэщ. Си анэм нэгъуэщI унэ хъищтэ хъунут, ауэ сэ кино дунейм сыхэзышэну къару щэхур къыхэIэбатIэнт. Ар сэ си натIэм къритхагъэнт.

Ищхьэм тес Йылдыз Iэмэл дежь сокIуэ зэззэмызэ. Хуабжьу фIыуэ сыкъелъагъу, сэри абы си шыпхъу нэхъыжь хуэдэу сыхущытщ, сохъуапсэ, упхырыплIу нейлон льэпэд зэрызыщитIагъэм, зэрызилэм сыдихьэхаУэ соплъ... НыбжьыщIэщ, дахащэщ, узэгъэкIуэнщ, цIэрыIуэщ. Махуэ кьэс Бейогълу районым (кином и центрым, артист псэупIэм) макIуэ. Зэи сымылъэгъуауэ, ауэ сызыщIэхъуэпс дунейм теухуауэ гъэщIэгъуэн къысхуеIуатэ.

Зы фильмыщIэ трахыну щыщIидзэ махуэ гуэрым сэри сыздишэну си анэм хуит сыкърегъэщI. Йылдыз Iэмэл и Іэпэр сыгъыу унэм сыздыщIэкIыж, сча лъэбакъуэкэр сэ кино дунейм сыхэзышэ ялэ лъэбакъуэу къыщIедзыж...

А махуэм Йылдыз Iэмэл сыздиша фильм техыпIэм къыщыхъу-къыщыщIэр къызгурымыIуэу, зы лъэныкъуэ сетIысэхауэ зысплъыхьырт. ЦIыхуэхэр адэкIэ-мыдэкIэ зежэрт, уэздыгъэ иныШхуэкэр зэрахьэрт, кIапсэ кIыхьышхуэкэр щIым теухуэдият. Гу лъэзотэ зззэмызэ зыгуэрхэр къызэрысхуеплъэкIым.

Иужьрей махуэм сымыщIыху лIищ ди бжэIупэм деж си анэм къыщепсалъэу сольаГъу, сэ си гугъу зэращIыр къызгуроIуэ. Си гур кIыльэтын хуэдэу къоуэ. Зы кинофильм гуэрым сыщыщжэгуну хуит сищIыну, си анэм къельэIуу аращ. Псалъэмакъыр кIыхьлIыхь мэхъу. Зыкъезмыгъэльэгъуу щIыхьэпIэм деж зыщызоГъэпщкIуэри, си гур кIыльэтыным хуэдэу содаIуэ, си анэм яжриIэнур къэсщIэныМ сыщIэбзагъу. Жэуап лъыхьыкIэ яритыжрыкъ си анэм. ЗарыжаIэмкIэ, си анэм «хъунщ» жIеIэу щытмэ, ди унэм ахьшэ лей къихьэнущ, гугъуехь дызыхэтым кIэ игъуэтынурэ дытыншыжынущ. Ауэ сэ соджэ, фIыуэ соджэ, еджапIэр хьифIэздзэ хъунукъым, жэщи махуи ущагъэIуэ еджапIэ щыIэщи, абы сагъэкIуэну унафэ ящIагъэхэхэщ.

Си къэкIуэнур си анэм къыжьэдэкIыну псалъэ закъуэм елхащ. Махуэ зы-тIукIэ йогупсысри, си анэм «хъунщ» яжреIэ фIэмыфIыщIэу. А «хъунщ» псалъэм си гъащIэ псор нэгъуэщIым хуеунэтI. Си анэм ищIа унафэм щхьэкIэ сыгуфIэнуми, сышынэнуми, сыгужьеиными сымыщIэ... Ауэ си щхьэм упщIэ куэд къотаджэ. Сэ си гуапэу, сфIэфIу соджэ. Иджы актрисэ сыхъуну ара? Сэ абы сыхуей, сыхуэмей?.. Фильм техыпIэм сынэсыху, апхуэдэ упщIэхэр си щхьэм щыIэрыIэхьэ».

Апхуэдэурэ Шорэ Туркан кином и ялэ лъэбакъуэр щеч. КъыжраIэр егъэзащIэ, зорыжаIэу зещI, зи роль игъэзащIэ пщащэм и пIэм йоувапэри, апхуэдабзэу мэпсэу. Фильм техыпIэм щигъэкIуа ялэ махуэр мыпхуэдэу кьеIуэтэж езым: «Іуэхуу гъэщIэгъуэн хъуад. Езым зэхимых я гугъэу, «ар зэрыдахэ, сэнаущышхуэ зэрыхэлъыр» псалъэхэр кхыхужаIэу зэхихыхукIэ, дауи, и гуапэ мэхъури, яхъурэ тогушхуэ. Фильмыр кьагъэлъэгъуа нэужь, критикхэм псалъэ гуапэхэр кхыхужаIэ.

Кинофильм техынир псынщIэу зэфIэкIыркъым, зэман куэд ехь. Ялэ махуэхэм фильмри тесхынщ, еджапIэми сыкIуэнщ жиIэу щыта-мэ, ар зэрымыхъунур кьыгурыIуэу щIедзэ. И егъэджакIуэхэм хъыбар кхыхурагъэхь, фIыуэ зэреджэм щхьэкIэ еджэныр хьифIидзэн дэнэ къэна, Іэпэдэгъэлэл ищI мыхъуну кхыхуагъэув. Езыми хуабжьу фIэфIщ еджэну, и ныбжьэгъуэр, и егъэджакIуэхэр и гум къокI, абыхэм яхуозэщ. Сытми, еджапIэр хьифIидзэну хуейкъым. АрщхьэкIэ, а тIур хуэздэхьыркъыми, хьифIидзэн хуей мэхъу, и гур къеныкъуэкъуми. Экзамен итурэ еджэ зэрыхъунур иужькIэ кхыщицIэм, тIэкIу и гур псэхуауэ актрисэ гъуэгуанэм тоувапэ.

И анэри Іэнкунщ, ярэби фIы сщIэуэ пIэрэ, хъыджэбз цIыкIум си яГъэ езгъэкIыу пIэрэ, жиIэу. И адашхуэри арэзыкъым, итхъумрэ и пхъурылъхуми закъыфегъэгуэ, и пхъурылъху дахэ цIыкIур еджэу цIыкIушхуэ хъуным и пIэкIэ, «артист» зэрыхъур и напэм къригъэкIуркъым.

Куэд щIауэ зэмыфIыж и адэ кхъуэшхэм я нэхъыщIэри кьагъбжьауэ зы махуэ гуэрым къокIуэри, анэм пхъашэу къоспалъэ, къоошхьдэ, «ддэнукъым ди пхъур актрисэ пщIы-ну» жеIэ, «е актрисэ умыщIу мыхъу-ну щытмэ, ди унэцIэр земмыхьэ, фхъуэж, нэгъэущI унэцIэ къафщтэ!».

Зоанэзэпхъум я фIэщу нэгъэущI унэцIэ къалъхьхъуэу щIадзэ - Гъатэри, Розэти, Нэхути, Нурти, Дытэри, Мазэти... Ауэ езыхэм зыгуэрым трамыубыдэ и пэ, фильмыр тезыха фирмэм афишэхэр трыригъэдзауэ, блын куэдым кIэрагъэпщIауэ къыщIокIри, хуейкъэмейми, Шорэй унэцIэр зэрехэ икIи иужькIэ апхуэдэу зэрыхъуар езыми хуабжьу и гуапэ мэхъуж, ари Тхъэм и унафэу кьелъытэри, ину шыкур хуещI.

Адрей и адэ къуэш нэхъыжьми и гуапэтэкъым Туркан актрисэ зэрыхуар. Ар полицэ тхьэмадэти, Анадолэм и кьалэ зэхуэмыдэхэм я цIыкIу щищIэрт. Туркан а кьалэ дыдэм фильм щытрихми, зэи кьыльыгъуэзэртэкъым. Илъэс зыбжанэ дакIауэ, Туркан и адэ къуэш нэхъыщIэ Ридуан (ди унэцIэ зепхъэу дзэнчьым жиIэу, и анэм кьешхыдэгъам) и кьэрыльхъу цIыкIум махуэшхуэ хуагъэльапIэу абы хэтыну Туркан макIуэ. Пэшым зэрыщIыхьэу хьэщIэхэм кьацIыхури, Іэгуаущхуэ кхыхуаIэт. Сабийр зыхэлъ пIэм щыбгъэдыхьэм, и адэ къуэш Адилыр елъагъу Туркан, Іэгуауэ макъри зэпыуркъым. Илъэс куэд блэкIами, зэхуэмызами, актрисэ зэрыхъуар ямыгуэпами, иджы цIыхубэм Іэгуауэшхуэ зыхуаIэт япхъу Турканым зэрыригушхуэр и пльэкIэм кхыбжеIэ. Хуабжьу я гуапэу ІэплIэшхуэ зэхуацIри, зокIужхэр.

1970 гъэ

1973 гъэ

1995 гъэ

1968 гъэ

И шыпхъу Шорэ Назан. *1976 гъэ*

Шорэ Туркан и лэжьыгъэр гъэщIэгъуэн защIэ пэтми, псори кьэтIуэтэфынкъым, ауэ аджыри ди щIэджыкIакIуэхэм нэхъ гукъинэжь я щыгъуэ хъуну ди гугъэ теплъэ гуэрхэм я гугъу тщIынщ.

Шорэ Туркан 1972 гъэм зы кинофильмым здыхэтым, абы и кIэуэм деж шым шэсу и псэлъэхъум дыщIэпхъуэн хуейт. АпщIондэху шым хъарзынэу тесарэ пэт, абдежьм зытес шыгъажэшм нэгъуэщI зыш кьыдэжэ хуэдэу кьыщыхьуащ, уэщIэдэмыщIэу щIэбгъунльщ, щIэпхъуэри, Туркан кьридзыхащ, и пщэ гурыгъыр зэриудащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ажалым кьелащ. Абы иужь зэман куэдкIэ кино Іэхъу зэрихуэжакъым. Ауэ кином уитхъэкъуа нэужь, уи пщыхьэпIэмэ ар хэтынущ.

Зы махуэ гуэрым газетым зы хъыбар къыщIоджэ Туркан. Абы зэритымкIэ, зы щIалэ гуэрым ахъшэ кьигъэхъэну, и унагъуэр тыншу игъэпсэну и гугъэу нэмыцэм лэжьакIуэ макIуэ, и щхьэгъусэр кьуажэм кьыденэри. Зэман дэкIауэ и щхьэгъусэм псалъэмакъ трагъэIукI епцIыжауэ, щIасэлI иIэ хуэдэу. Ар щIалэм зэхэхри, и щхьэгъусэр иукIыу и напэр игъэкъабзэжьан и гугъэу машинэм зредзэри, Тыркум кьэкIуэжыну кьожьэ. Ауэ гъуэгум машинэ зэжьэхуэм щыхокIуадэ.

Хъыбар гуузым Туркан режиссер ещI

Кхъэзджа хъыбар гуауэм куэдым иригъэгупсыс Шорэ Туркан, и пщэ зэрыудар игъэхъужу здыхэлъым. «Мыбы зы кинофильм хъарзынэ кхъэхэпщIкI мыхъуну пIэрэ?» - йогупсыс ар. Езым дзыхь зыхуищI режиссер гуэрхэм захуигъэза щхьэкIэ хъуркъым, е нэгъуэщI Іэжу иIэу кьыщIокI, е щхьэусыгъуэ гуэркIэ ядэркъым. И ныбжьэгъу гуэрым трегъэгушхуэ, езыр режиссеру а фильмыр трихыну.

Кьапщтэмэ, а ильэсхэм абы тегушхуэгъуэфIэтэкъым, апхуэдэ кинофильм тезыха бзылъхугъэ щыIэтэкъым, щыIэми мащIэ дыдэт. Режиссер ІэнатIэр хъулъхугъэ ІэнатIэщI, бзылъхугъэр абы щыхьхьэн щыIэкъым... Арат жаIэр. Ауэ хъунукъым, пхуэщIэнукъым жаIэхукIэ, Туркан нэхъри хуэерыщ мэхъу а Іэхъум, адыгэхъэ!.. Ар зы. ЕтIуанэрауэ, фильмыр зи мылъкукIэ трезыгъэхьну и ныбжьэгъури хуабжьу щIэгъэкъуэн кхыхуохъу, трегъэгушхуэ: «УкъымыкIуэт, умышынэ, фильмыр тепхрэ, мыхъуу щытмэ, зыми езмыгъэлъагъуу згъэсхьжынщ», - кхыжреIэ.

Туркан, кхызджа хъыбарыр апхуэдизкIэ и гум щIыхьати, а ролыр и псэм зэрыхэлъым хуэдизу зыми хуэмыгъэзэщIэну кхыщIыхъурт. Аратри, и пщэ гурыгъэ зэрыудар иджыри мыхъужыпами, дохутырхэм кхыхуамыдэми, игъащIэм игу кхэмыкIа, зыхуемыджа режиссер ІэнатIэщI хьэлъэм пэрыувэн, абыи кхыщымынэу, роль нэхъыщхьэри дигъэзэщIэн хуей мэхъу.

Шорэ Туркан траха, езыри зыхэта фильмыр щIыпIэ куэдым щагъэлъэгъуащ. Ар Москва кьашауэ зэрыщытари гукъэкIыж дахэу етхьж актрисэм.

«Кином хилъхьа гъащIэ Iыхьэм, и гуащIэм кьыпэкIуэ пщIэр псэууэ илъагъэжьну зи насыпыр кхъыба гуаздджэрылажьэ насыпыфIэ мащIэхэм сащыщщ сэ.

Ину фIыщIэ пхузощI, кино, ину фIыщIэ...» – еух тхылъыр абыкIэ.

Шорэ Туркан хуабжьу фIыуэ яльэгъуауэ, зэрыщIащ, ягъэльапIащ, ауэ езыр зэи щыкIакъым, удэфакъым, фIыуэ кьэзылъэгъуахэм зэи кьахуеплъыхакъым, кинор игъэбжьыфIа пэтми, кином зэрыщдэбжьыфIар зэи зыщигъэгупщакъым.

ХЪУАЖЬ Фахъри.

Шорэ Туркан цIыхухэм ягъэльапIэ. *Истамбыл, 2015 гъэ*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIынагъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.117
Заказ №1270